

BABAD CIREBON

Koleksi Naskah Kuno Kraton Kasepuhuan Cirebon



Oleh :
Tim Kraton Kasepuhuan Cirebon



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI
2003

BABAD CIREBON

Koleksi Naskah Kuno Kraton Kasepuhan Cirebon



Oleh :
Tim Kraton Kasepuhan Cirebon



**PROYEK PEMBINAAN DAN PENGEMBANGAN
PERPUSTAKAAN NASIONAL
2003**

Babab Cirebon : koleksi naskah kuno Kraton Kasepuhan Cirebon / oleh tim Kraton Kasepuhan Cirebon. -- Jakarta : Perpustakaan Nasional RI, 2003.

189 hlm. ; 23 cm.

ISBN 979-3499-10-9

1. Manuskip. I. Tim Kraton Kasepuhan Cirebon. II. Perpustakaan Nasional.

Dandanggoela

Pan Sinigeg waoe hingkang banting diri
ingkang kotjap ingkang para Olija
woes prapta hing Goenoeng Tjermé
sampoen moesti hing pangestoe
tanpalijan dinoengnoeng kapti
anging Allah tangala
tarkinning pandoelor
Soeltan Demak dadya ika
peteng ribet hing wengi kaliwat déning
tingkah anjandoeng mratoewa

Soenan Djati tan samar lamonning
ingkang mantoe anjangdoeng mastaka
adan mijos kadikané
loewih betjikking toewoe
ja mati sahid angoelatti
pati apa pan ikuo kang bagoes
lan ning maoe pan woes ana
manoesa ingkang woes ladjoe kang déni paténi
éman jén ora nahoerra

Sultan Demak ing kalangkoenging
sapanigan tan kang katatoeran
kalangkoeng dedet imanné
doepi dangoe pakémoet
jén molija ana amawi
pindo ping teloe oedjar
babar bener loepoet
adan widjilling atoerran
langkoeng kasoehoenan hing rama andawoehi
kaoela darma loemampah

Sampoenira ingkang sami tarki
pan awangoen tanadjoel paningal
toemoeroen sing Goenoeng Tjarmé

prapta hing soesoekoenipoen
bani bala sikep ngebeki
ana hing tanah Djawa
marmané hing ngakoe
sakabéh kakasih Hingjang
woesti narima iman islammé déning
adjallawangadjan.

Sigra loewaran ja poenika noeli
Soenan Djati hing pamantoekkira
sarta para Wali kabeh
ika pan sami rawoeh
pan sadaja loemampah aris
warna-warna kaisanira
loenta lampah sampoen
pinajoengan déning méga
ja Sang Djati oening binarissan dening
tédea lan koekoewoengen

Soenan Kali niti koeda loemping
ginentanan ramé swaranira
sarta samoeridé kabéh
dadi oeparjara anoet
angebeki hing margageng ngapit
asring wané kang sépak
wané larad-laroed

Soenan Bonang lampahira
ngéntiring angin
leler kadi sisilir
soesoeloer rampak-kampak

Soenan Koedoes angéntir ring wari
lageloerran kadja sangkar katapak
hing banjir bena banjoene

Soenan Giri roemasoek
hing sapantjorongéng Yang rawi
Sick Katim loemempat
kadi kilat maboer

miber alepas sing paran
Sick Mulana Magrib anitihi keris
meber hing ngawang-awang

Sick Madja goeng amendemming boemi
ja Sick Bentong ingkang awor lan méga
Sultan Demak lampanja lon
loemiring hing Sinoehoen
lampa liri hing ngiring déning
lampah bala woerahham
ngebeki madya goeng
sampoen prapta hing pakoed jan
waoe wonten ingkang winoewoes mali

Gedéng Tegal goeboeng sira
Matoer alon hing Djeng Soehoenan Djati
karsanira waoe ngideppenna
Sindangkasi masimogoe
moenggija Djeng Sinoehoen
amarangi idin Djeng Goesti
Soenan Djati patarossan
hing Pati Kerring waoe
sapira baja ta sira
hing rempoegé ikoe Dalem Sindangkasih
matoer kang dinnoekking sabda

Inggih rempag jaktos Sindangkasih
déréng idep waoe gama Islam
mengga balané sakabéh
Djeng Soenan mala sampoen
woes maringi idin siréki
amangkat Ki Gedéng Tegal
goeboeg mintar sampoen
samaptaning wong ajoeda
woes angrasoek sakaprabonningadjoerit
sinigeg hing lampahira

Kamal

Akotjap hing Masjid besar
para Wali rised denging
arah mangkat Djoemah
woes adan Sang Datoekkafi
Sick Katim nyekel tjin
woes tampi mawatjanipoen
Soenan Djati sakala
étja-étja génné linggih
Soenan Kali woes tampa jén Soenan Poerba

Akoetbah kang sarta imamma
mangka énggal Soenan Kali
maos Koetbah mangka énggal
lalagon koetbahé kadi
wong angodoeng kakawin
marmané kadja pocitunikoc
Soenan Kali oeninga
jén bakalé dén pojokké
Setelah Katam koetbah

Pangéran Makdoem memberi ikamat
Soenan Kali sampoen imam
amaos faticha kadi
panggalékking dangdang ngelak
anggalék galajem gosti
tan nana lijan mali
amoeng Pangéran ngami-ami
kenang-ngapa iki baé kenang ngapa

Soenan Kali wis oeninga
hing sakarep teging ngati
mangka aningsat kang sindjang
doemadi emmase késti
sampoening salam noeli
kamat mali arja Makdoem

Soenan Kali anabda
parangsa ta hing sasepi Sésep Séck Madjagoeng dika jogjana
imbang

Pandingin doek moesawara
woes kamotting para Wali
ana djalma moerakabah
hing lijan masingoepenni
tja bawaning lijan moengkin mangkana Pangéran Makdoem
loenta hing salattira
loehoer asad ja moeparid
sampoen bada asalam madjemoehan

Soenan Koedoes angandika
pinasti tan doegi iki
sasanga mali sampoerno
Soenan Bonang anamboengi
sabda soemang kina makin tan nana loehoeng saestoe
Soenan Giri ngandika
akéh-akéh djaman akir
ja manoesa kang loehoeng
ja owah-owah

Soenan Djati angandika
kari angko djaman akir
laksanane ora nana angandika Soenan Kali
ilanga pisan mangkin
mangsa anaha kang poendjoel
saking wali sasanga
aneng noesa Djawa iki
Soenan Djati doemoeloering hing Sick Mulana
Tampi saking doekking tingal
Pangéran Kadjaksan mangkin
kandikane ela dala
angopénni hing lijanning
sarta karsaning widi
djan dikamangké kalangsoer

hing Wali sanganga mangkin
kang katela nama Wali ikoe ora

Hidepé bawaning lijan kala ning salat sajakti
Ikram miradj lan moenadjat
sami amangkin toebadil
Pangéran Makdoem adi woes tampi karananipoen
anarima hing tjandak koela noehoen inggih
tedakaken pan inggih djasad kaeoloa

Darma loemampah hing karsa
mingga toemoeroenning ngasil
boten darbeni karkat
hing sagoenging para Wali
kang mowo loeta mangkin
jén Pangéran hing Makedoem
woeroeng dadja Olija
amoengia Moekmin oetami
risedenging aboekar wali sahasta

Kotjapa Soehoenan Poerba
hing poerta tebeng alinggih
tan lijan hing ngarsanira
amoeng Mulana Magrib
toehoc ingkang pratjajaning Sinoehoen hing kinadawoe
anjepengi katandan
sing akokoemian pasti
Pangéran Kadjaksan sakahommira

Ingkang ngoekoemmi hing kana
hing karsané Soenan Djati
tan djoemeneng koekoem randjam
réhing laipping nagari
béda lan panapri Demak
Bonang Gresik Koedoes
genggenging Panagara

prandéné tan dén tapaki
moeng warnining koekoemman hingkang den tapak
Doepi hing Tjarbon nagara
jen dosa satengah mati
kaja maling lan wong ala moeng dén belok kinoentji jén dosa
ikoe pati
matennti padaning makloek
tinelassan pinatennan
wong Kadjaksan kang doewéni gih Mulana Magrib koe
imammira

Ika sadeng makoempoellan
ana hing Madé Sakoendi
Pangéran hing Karangkendal
Gedeng Pangoeragan istri
miwah Djeng Soenan Kali
kang réka koeta pikoekoe
ting Tjarbon panagara mangka nabda Soenan Kali
kita diddel kaoela kang bandawasan

Koela pendemmi emas sinangling laksana loewi
djalma mara djalma pedjah
singamara singamati
jen ana moesoech sakti
saking kidoel dén saredjoe
djagannan adja wéja
pon tan nana giri roesik ja hing moesoech sirna sampoerna
salamet sira

Sabda Arja Karangkendal
gih kaoela anjanggemi
koeta hing ngélér poenika
dadar kaoela pendemi
tjandana woeloeng wangi
peteng riboet boeana
jén ana moesoch nekanni
saking ngélér den saredjo saponnana

Pon tan nana baja teka
Hing moesoeh sirna sadjati
salamet rahajoe sira nabda Gedéng Rara Moening
kaoela anjanggemi
kita kilén koela bangoen
emas ingkang kinarja
warni kodok amendemmi
boemi laksana tegoe rahajoe tan pasah

Yén ana moesoeh toemeka
sing koelon goena asakti
dén sredjoe sangganen rampak
pon tan nana giri roesit
hing moesoeh koe sirna di
salamet sira rahajoe
Sunan Djati ngandika
isoen ingkang anjanggoepi
koeta wetan bangoening wesi wasanna

Poerasani pinendemman
hing boemi laksana loewi
tegoe ja tan kena owah
jén ana moesoeh nekaning
saking wétan jakti
ikoe tjangkolana den saredjoe
tan ana doerga baja
salamet sira sadjati
besoek oego reba hing koeta kang papat

Lawan kang karja woes sirna
sakarna degging koeta iki
pakarepané wong papat
ingsoen darma angrempoegi
sidji Séck Datoek Kapi
Kapindo Mas Ajoe Rangkoeng kaping teloe Siti Bagdad kaping patté
ikoe maringkang Pangéran Pandjoenan iku si wonggé ana

Soenan Kali mangkjan ngandika
Soenan Djati dela maning
kaping do pinolar poetra
sareng tjep hing ngangling
aboes potoesan saking
angatoeri atoer
poetra Djen Sultan Demak
dadapoer ngatoeri oening
inggi Pangéran Pasaréjan woes soemalah
Dalah sampoen kaolessan menggantoe
Goesti ngariki
enggal késah Soenan Poerba
hing ngiring hing Soenan Kali
Ika lakoening Wali

tan nagangoe noelja rawoe
maring nagari Demak
Ratoe Njawa anjoengkemi
kroena bangeting padané Djeng Soehoenan

Sapinten baja kaoela
roemihin Toewan njanggemi
kakén hinen kang hoebaja koelépoen makaten mali
angandika Soenan Djati
adja nangis kaji Ratoe
lakinira tan séda pok delengen ikoe oerip
sareng lajon moesik sarwi angandika

Raji adja nangis sira
pan si kakang ora mati
tan lawas tinemoe oega
kalawan si raka maning
balik jén sira nangis
hing wong toewa naenoetoe
besoek tan panggi pisan kalawan si kakang toli Soehoenan Demak
ngandika maring Soehoenan

Girikadaton poenika Toewan tingali
Soenan Djati tebeng njoba karamate mala majit sirna kinoeboer
toemoli mangkana Soehoenan Ratoe gewuja mantoek babahita
kalawan Soehoenan Kali nabda hidoeeng sisilir paparahoë mantjoeng
last tari loemarap

Mangkana nitih palwa meh kiren dan Soenan Kali malah miring
kang
palwa ana bantjana nilihi nabda kidoeng sisilir miring-miring
paparahoë
baita alit wonowottan pinang ngantennaken toli
Sick Lemahbang wong sadjati wahessi ala
Ana wong binajang kara pinanganténaken toli

malessé noenggang titijan
kéremming praoe dénneprih
énggal itjal toemoli kang toemoet niti parahoe
lampaharia woes prpta
hing Tjarbon Wali sakali
kang kapoengkoer watek Sangjang binabaran

Pangkoer

Kotjap Gedéng Soesoekan
sad ja nipoen poerwané andingini
lakoené wong Tegal goeso ya
enggon loemakoching prang
sadja nira Sindangkasi kang djinoedjoeg
Dalem Digdja woes oeningnga
dén ara hing idep Moeslim

Mangka Dalem digdja sira
sinéwaka sagongging para Mantri
Dalem Digja mangké maewoes

lah sira dén prajatna
hing tekané moesoe mossét adja tjengoek
sedengé babarana banténg oeloe Sindangkasi

Iling wawakidding wong koena
hing bedahé iki balabar waring
dadi rimbagan kang éstoe
bedahing pradja kita
jaitan ganti wedalling waring sing datoén
nemba matoer kang tinita
hing sabda pakonning Goesti

Soemangga djijad Sang Nata
Mantri pitoe saregep atampi
kang warring sampoen ning ngoelor
binakta hing pawates san hing watessé sampoen ja pinandjer
loehoer
kababar koebenging pradja
tampingé woes kinemitti

Tan nadangoe praptanira
Gedéng Soesoekan
sabalanira ngiring
anoedjo Prawata sampoen
warring sampoen kalembak
datan angasak waoe dateng marginipoen

Gedéng Soesoekan tan bisa
amijak balabar waring
Lir koeta wesi ika
pan ategoe keker hing waring
wing sindangkasih kalang koeng
goementoer swaranira
jén Soesoekan amimpes hing djajanipoen
wong Soesoekan meré sadja
monongton aladjoe hari

Moenggoe Poerba witjaksana
meléhaken ingkang sanggoep angidepi
kotjappa saladjoehipoen
Gedéng Tegalgoeboeg sira
moiwa ingkang saka woela bala nipaen
kang waring sampoen winijak
laroetté wong Sindangkasih

Leomadjeng Sang Dalem Digdja
pankalangkoeng waoc giris hing gali
sidakep émoetting oeloen
bedahé kang wasijat
noelja moedja hing Déwa noekoen potoeloeng
koempoelling garwa santana
arah ambles maring boemi

Moewa kang soebawa poetra
sigra moesoeoh kang soebawa prapti
Sangjang Dalem sirandoeloe
hing moesoeoh ora bisa ja
pedekkan wara Dalem samja toemoet
Poetri loro kang katjandak
nama Raros lawan Riris

Katjandak sakalihira
waoe dateng Tegalgoeboeg sami
ana goeroe swaranipoen
adja tamboe bésoek ana
boemi djeboeg ja hing Sindang kasih ikoe
apessé kang watek djaja
doerijat ting wong lino ewih

Doemadi salin paparab
nganggo ambek bidakwalaka noeli
tan padji hing nganak poetoe
darmané kang kelingan

moeng samono ikoe hing wawangsis tipoen
wong Tegalgoeboeg miharsa
agoeng gegetoenning ngati

Sigra mangkat wangsoelliran
Tegalgoeboeg hing sabalaniki
wong Soesoekan ngiring sampoen
lampanja doedoeleoran
wong Sindangkasih sakabih tan nana kantoen
dén kerid arsa ngatoerena
maring Kandjeng Soesoehoenan Djati

Kawengén ana hing marga
Gedéng Tegalgoeboeg angrerek maring
ing tatelar wanné mondok samja noengsoeng
ing rajat sanakkannira
wois Soesoekan ingkang noeli

Tenga wengi alalampah
sarta sira dén géhé lampah néki
Soenan Djati kang djino edjoeg
ja Sang Poetri kang sapasang
angreb hing Goeboeg sawah tanna dangoe
kasilir daja mingétan
goemantén asmara goeling

Gedéng Tegal orang kangkat
Poetri roro ika woes dén karoni
ingkang pinara hing woejoeng
ora kangkat langgana
sampoen toetoeg hing ngadep pinangkoe loeloet
sakoro sang ngadi warna
pan samja gegetoen ning kaptin

Wonten tjarita winarna
Soenan Djati kalawan Soenan Kalí

Tebeng hing waringin pitoe
sampoen lastari kang wapat
sinaré hing Goenoeng Djati poenika
Pangéran Madjagoeng sadja
ingkang noewonnu sadjati

Katelah pala langounnan
ja winangoen kali kasaroe kang prapti
Gedéng Soesoekan oematoer
noehoen doeka sampejan
gih kaola angsal damel soepaja kareboet
poerwanipoen Dalem Digdja
pedjah kaolena pademmi

Radja doennja koela djara
mala angsal koela Poetri kakali
inggih ingkang bade katoer
dateng ngajoen sampéjan
wasanané hing marga wonten kang reboet
inggih jaktos
Gedéng Tegalgoeboeg awon
bégal margi

Kandjeng Soesoehoenan ngandika
adja motoer sira pangoctjap ngisis
tjela hing wing padading makloek
bok sira kawalessan
nad jan Tegalgoeboeg maké ikoe
dén wéhaken mangko oega
maring isoен ngalap rahi

Lajen gedé gawénira
Dalem Digdja kongsi sira djarahi
soen gandjar sira satoehoe
soen djenengaken sira
Pati Oemjang motoer noehoen kang liningan waoe

tan dangoe praptanira
Gedéng Tegalgoeboeg mangkin
Nembah ngatoerri bojongan
Djeng Sinoehoen ngandika hing saiki
ja si Gedéng Tegalgoeboeg
soen djenengaken sira
Pati Roesoe ana déning Poetri ikoe
roro ikoe soen tarima
nangin kanggo soen paparring

maring sira rabén nana
moeng kaoella bala hing Sindangkasih
sing sakabé isoен poendoet
dadja ha angabde amat
isoen moewa anak poetoe kang dadi Ratoe
Pati Roesa matoer nembah
kator soemangga wondéning

Paparing kasoehoen pisan
Soenan Djati angandika sarwi
goemodjeng tenganné ikoe ambeler kenang ngapa
ngatoerraken pépésan kosong ja ikoe
Pati Roesoe ara tampa
Soenan Kali mimiringi

Henggal sampoen apamittan
tekang marga ika mangkan pikir
jén déwékké babaroedjoel
poetri hing goeboeg sawah
sigra wangsoel toemandoeck maring Sinoehoen
satoes séwoe noehoen marga
sapoera Sinoehoen Goesti

Poetri paparing sampéjan
sampoenning kaoela noehoen inggih
katoermali hing sinoehoen

Soenan Poerba nandika
Pati Roesoe isoен tampi aedjar loepoet
ja sapisan oedjar ingwang
tan ana oedjar kakali

Lawan isoен angapoera ingkang
loeppoet andjimah hing Sang Poetri
lan samangké woes loeloes
doemadi rabinira
matoer nohoen inggi Sang Pati Roesoe
doemad ja hing pamit sira
kapoengkoer Soenan Djati

Toemali sang Pati Soemjang
matoer nembah noehoen palamarta oegi
bebendoe dalem sasoehoen Poetri ingkang satoenggak
koela kaehoen pédahé hing waoe nipoen
sakali angsal kaoela
noehoennaken waris widji

Ngandika Soehoenan Poerba
kenang ngapa hing maoené ora moeni
hing sadoeroengé ikoe maoe
dak wénéhaken nésak
sok djaloeken déwék sira ikoe
soeka atiné ikoe ija
maring sira isoен idin

Pamit enggal Pati Soemjang
sigra waole mala pinanggi
hing marga waoe dén belloek
Pati Roesoe mandega
soen toetoeri ora ing karsa Sinoehoen
Poetri sidji ikoe baja
pinaringaken ning mami

Sang Pati Roesoe gardjita
ora soeka isoen den djaloek iki
kasingané sira ikoe
sing maoéné ja wis salah
dora tjana soepaja moenggoeh Yang Ngagoeng
ora kilap ingkang ala
kalawan ingkat atjik

Kalésan Pati Soemjang
sigra mantoek toer sarwi madingtjing
sareng lamining toemoewoe
Pati Roesoe kékésahan
in Mataram nembé dateng wonten Moedoe
tjongkéwak balik karasa
ana doerdjana nekani

Maring toehoe wisma nira
sareng malebet hing wésma anemonni
Pati Seoenjang babaroedjoel
mangka enggal djaragang
djogol banting binanting samja asoereng
toedja tinoedja sira
Pati Roesoe kasoeliring

Kasalejo saeroeng tiba mangka Pati Soemjang sarreng ningali
moesoehé tiba aroebroe
linggar hing tjandakira
ikoe ina moesoeh lawan kangwis roeboe
lepas katilar kang joeda

Pati Roesa énggal tangi
Ngoetjap déning kanihaja
kijong ngiki soen poedja hing yang Widi
adjana kijong toemoewoe
ana hing sawah kita
lan poemali sakéhé wong Tegal goeboeg
djodjodon lawan wong Soesoekan atoeroen toemedak ngakir

Kinanti

Wonten kotjapa winoewoes
kang waoe lagja alinggi
wonten hing Ardi Amparan
sakawoela warga sami
waoe samja wirahos
kalajan kang abdi néki

Sigra ngandika Sinoehoen
marring ingkang abdi sami
gedéng Pandérés san ingkang
tjepeng gendis hing nagari
saking lahang gendis djawa
woes datan ana kang kali

Doepi mangke tanem toewoe, pala widja toewin pari
oedikanning teja
poenika Koewoe Dipati
kanti land Gedéng Dawoahan
baktiné Koewoe Dipati

Jén ambedo eng hing banjoe
pjambeké kang doemadi
antroe hing bandjoe kadoe ega
matok patang poeloe bengi
barkahé Kandjeng Soehoenan
teka ora ngrasa sakit

Lamong hing sabin katetoek
oedan angngin awan bengi
saoemoering wong sasawah
kadoega dén samber déning
gelap teka ora pasah doega kapendeming siti

Lah ikoe ing poerwanipoen
Kijai Koewoe Dipati
darbé sapa poma-poma
anak poeto hing sawoeri
adja pada anganggowa
koelambi kadoet poemali

Embok ora kaja isoen
noeli tan antara lami
poetra Sinoehoen kang nama
Pangéran Djaja kalanaiki
karsané késah adagang
njabrang tiwa-tiwa dadi

Nilad poetra sabrang waoe
adagangé mring di endi
angambangken baita
sigra alajar toemoeli

Doegi hing madja ning laoet
katampeking angin dade
doemandja kérem baita
Pangéran satitik maning
karoengkeb kang palma nira
tan dangoe kombak aminggir

Pangéran langkoeng gegetoen
kang iboe Nyi Bara Djati
sabdané adja gagabah
wong dadi doerijat wali
ora kena lakoe dagang
drawaka kadoeli-doeli

Koedoe nganggamanah soekor
adja tiroe-tiroe kadi
poetra Sabrang woes loemahar

Pengéran éng ngetting kapti
dadi kang doenja dén hina
prasami dipolem boewangi

Telas dipolen rawoer-rawoer
dadi babalik amis kin
kapiloe joe angoembara
miloe lawan wong birahi
karem bjangan anéng goewa
anitihi koeda loemping

Angigel loemajoe-loemadjoe
toer mawi dén koelintingi
ana kang sawané genta
tarebangsan sijang latri
pohal pahil moenggang arga
toemaeroen goenoeng tjolak tjalik

Sareng mandjing goewa sijoek
Pangéran kasadah déning
walirang oepas tan gagap
kasirep dangoe tan éling
kantos telas hing sadina
Pangéran déréng anglilir

Prasami dén gotong mantoek
Nyi Rara Djati anangis
sambat-sambat anakking wang
kenang ngapa maning iki
ja Allah Toewan Pangéran
noelja Pangéran anglilir

Ing ngentoeing iboe nipoen
kenang ngapa goemalidig
anak poeton Wali Joellah
ora kena angoenggahi

goenoeng Tjarmé bok dan kaja
rama-rama dika Wali

Pangéran doemadi émoet
djaran loemping dén boewangi
trebangé dén boewang-boewang
gentané dipoen getjeki
jadi babalik aggaman
lampah ekas lampah santri

Sijang daloe rabang roeboeng
salat ngaos lawan dikir
noenten noemapkking wong dagang
penedjané toemoet chadji
kang praone nengah laoettan
kabijar kagawang angin

Praoe katoeng kebbing banjoe
akéh bandéga kang mati
Pangéran nitihé bahan
anéng laoes noeli minggir
kantos kawan dasa dina
tan weroeh talata minggir

Dén sara dening wong prahoe
katoer maring Nyi Rara Djati
kang iboe sanget karoena
kenang ngapa dikasihi
mantjola sing kadang dika
polahé sabagi-bagi

Dadja balahiné agoeng
bok ta anak poetoe Wali
ing Tjarbon bok ora kongang
késah chadji dipoen éling
mapan rama djeng ngandika
hing Tjarbon wangoen Mas igit

Kang minangka kadjing nipoen
wong pekiroena hing riki
dika adja ilok moerka
adja aké pohal pahit
goegen nana tapak jasa
rama romandika Wali

Toemoeli Pangéran émoet
akoelima hing Masigit
angramihaken Djoemoerah
maos koetbah angimammi
hing salami-lami nira
sareng hing kana toemoeli

Pangéran koetbah né goegoer-gégér hing wong sa Masigit
jén poetra Dalem atiwas
waktu ikoe Soenan Djati
siweg késah datang Padjang
hing kono dadi ariri

Geogatti Pangéran Makdoem
peki Abdoellah Moedjahid
hing Astana Palakarran
lawan Pangéran Daradjat
kalawan Toewan Séck katim

Saking Kalidjaga koempoel
sami amirahos tadjer
Séck Datoekafi kewedan
hing manah dados atari
matoer hing Pangéran Dradjat
sapinten baja poeniki

Pangéran Dradjat oematoer
hing wong salah dan pinili
nad jan poetra hing Naléndra

koekoem ora pili kasih
ja doekoe baé kokoemman
amoeng si sabar romihin

Sami ngantosa hing rawee
ipoen kang loenggoek Narpati
adja koerang taha krama
nadjan ga sampoennu wakil
nanging prajoga ngantosan
sapira tala hing mangkin

Kasmarandana

Jata kampo ingkang sami
mirahos ingkang koekoeman
tan nancara hing laminé
sarawoe he Djeng Soehoenan
saking nagari Padjang
Séck Datoekkafi oematoer
jen poetra dalem Kalana

Tiwas goegoer génnja wangil
goegating para Ngoelama
anenggé wonten takdjirré annoenten Kandjeng Soehoenan
ngoempoellaken kang para
Pangéran gegedénipoen
kang anéng Tjarbon nagara

Pangéran Dradjat woes prapti
miwah Djeng Tanda
Pangéran Loewoeng salawé
Pangéran Oegjannapora
Pangéran Sindangbarang
miwah Djeng Pangéran Paroeng
Pangéran Hing Kedoengsoka

Pangéran Pase soemanding
miwa ika Radja Tjempa
lana Pangéran Sindanglampré
Pangéran hing Tjarbon girang
Kjai Gedé Kedokan
Gedéng Djati Gedéng Semboeng
miwah kang para Arija

Pandeleg gan Wandoechadji
Djagusatroe Kandoeroen
Pentjattanda Andamoer Andér
sadaja pinatarossan
awijos hing koekoemman
sadaja atoer rannipoen
tan kangkat anglangkoengana

Angandika Soehoenan Djati
dateng Pangéran Oegjanna
mara metok kena agé
dinar ingkang kira-kira
sabobotté si Kalana
woering sira timbang ikoe
noeli para ngedoemena

Maring sakeng pekir miskin
noeli ika si Kalana
prasamja boewangen agé
maring gonning kang simpar
ika hing Sagrahérang
wangen patang poeloe daloe
lawan oewis arya ana

Para Pangéran loemiring
kalakoewanning djoemahat
éndah hing wong tjilik bae
kon njekel koetbah Djoemah

doegija akir djaman
doerijokadjana méloe
hing lakoe imam lan koetbah

Ia miarsa sagoenging
ingkang sami hing ngajoenan
woes anoet hina sakarsané
ingkang amandita Radja
hing Tjarbon Walijoéllah
hing tita moes lika ipoen
sampoen laksana sadaja

Woes toetog sapangandikaning
waoe Djeng Soehoennan Poerba
sadaja kole wargané
mijarsa kondjemming késma
mijarsa kang pangandika
samja wedi asihipoen
lir lata kada woehan warsa

Ladrang

Risedenging Panylongkang oetama sidji-sidji
ingkang warga, dening dad janing Wali
ja Séck Bentony hing kamu sirna soemala

Soenan Djati Soenan Kali andjenengi
hing lajonning
Ohja Karanggujammi
goerijanging Pandita sekar Dawidja

Soenan Djati laloermé saking dingin
sami késah
mring ngéatan lan Djeng Soenan Kali
dateng Gresik amanggih adining tingal

Hing sédané Soenan Giri pinang kaning
Wali Djawa, sirna panetek abetjik
woes minoelja pinangka Gresik Astana

Ginandikaken ingkang poetra Soenan Giri
kang paparab Rudén Akbar ing ngistrénnan
Panembahan Ratoe anéng Girigadja
Hing loentahé Soenan Djati Soenan Kali
mring Soerabaju
lampah ningid kang sinadjang kapti
Soenan Ampélden ta mangkana koekilan

Kokok beloek nama Sang Doeda woes prapti
bakta soerat
sampoen mapag hing lampuhe
Wali kali angatoraken serat poenika

Déréng winaos ingkang serat poenika
woes oeniga
hing sawirasanning toelis
Wali kali sampoen aniti ikoe kilan

Malah prpta Dalem Soerapringga pati
pinoedjoengan
déning Soenan Ampéldenta
mapan sampoen wedi asih ing Soehoenan

Mala lami hing hana waoe amoekin
wangoen jasa
babalongan kinedoek tengah wengi
déréng noember panindjilling medal woelan

Pan katingal bitjak-bitjak ingkang siti
pangardjito
Soenan Djati kang moeroegi
sareng pedek katingal Raréng sapasang

Woes tjikangking hing ngasta kanan lan kiri
sampoen mentas
kang Balong kabeking wari
sampoen padjar arammé ingkang djamahat

Baja soeboeh Soenan Ampél amedeki
déréng lisan
woes wroeh Djeng Soenan Djati
Baréng kang dén sambaet déning asta kiwa

Sinoengaken waoe dateng Soenan Ori
Ampéldenta
langkoeng soeka hing manahé
langkoeng noehoen kaoela hing Ampéldenta

Pan Si Beloek poenika katoering Goesti
Soenan Poerba
woes narima malah pamit
Soenan Djati Soenan Kali kadoeloerran

Hing karsané Soenan Ampél ika taklim
dad ja bakta
Koekila lawan baréng sidji
doek binadi oljoli kang ning oemah

Pinaparak waoe dateng Soenan Kali
kaki Bitjak
krananipoen saking wari
kahalappé si Bitjak kebeking toja

Wonten mali gantijan kang pinadika
Soehoenan Djagapati
ing Koedoes nagara
toehoe Olijja poegal
ja toer ganggus watek sidik
tan karsa doesta, tanpa lijan kang medeki

Arja Djipang ika kang katimbalan
temmah ingkang medjahi
maha Sultan hing Demak
rening salah hing tikad
sampoen kawas kita dénning
Olijah Allah
saking koedoes nagari

Ija koepoer Demak bésoek mati déng sira
éstoe sira domadi
bawahing paréntah
ana hing nagara Demak
Arja Djipang anangoepi
pan sampoen pamitan
sigra kesah hing ngiring

Wad jabala samapta gagamannira
ing wantji tengngah wengi
praptané hing Demak
soerakké hing désa Demak
ana barangkot nekanni
kagila-gila tan kena dén moesoehi
Lah hing kono soemalahé Sultan Demak
bentja djaja minéki
dening Arja Djipang
wong sakadatong boebar

boerak sami ngoengsi oerip
wané soesoeppan
sarpin boebar angngili
Apa maning Pangéran Radjanagara
maring warna aningkir
moewa Ruto Djawa
sarta poetra titiga
Pangéran Agoeng doek maksí
titiga warsa, Pangéran Wirja nengi

Yoeswanipoen satahoen lan pitoeng woelan
Pangéran Roedjoe mangkin
joeswa tigang woelan
tanopen ingkang garwa
Sultan Demak agoeng ningkir
Poetra Soehoenan Poerba
Ratoe Ajoekang linoewi

Kisah tebah saking Demak
malah sadja mantoeking Goenoeng Djati
kotjap Soenan Poerba
lan Soenan Kalidjaga
sakalihé angrawoehi
maring nagara
kang lajon sampoen binetjik

Binetjik-binetjik dén nira Sang Arja Djipang
Wali kali andjenengi
moewa Soenan Bonang
Soenan Koedocs hing rika
kang lajon woes pinetekking
rolassaripa
pada andoemming waris

Sakoekoemmé radja barana Sang Nata
anging datan kawaris warni karadjahan
ika pinaringenna
maring Arja Djipang nenggi
woes hing ngistrénnan
Arja Djipang doemadi

Dalem Toemoenggoeng pangaranning wisésa
anéng Demak nagari
rempaging Olija
samana doeckking karsa
Soenan Djati ora silib
kang mantoe Sultan dingin kinarsa sahid

Woes parijat ingkang tata pranata
ning agama kang moeslim
watek Soenan Poerba
mantoek marring Tjarbon kali
poetra wanodja, Ratoe Pangajoe Déwi

Ingkang rangda kandjeng Sultan, ing Demak poeniki
lawan nradja wawariisan
doenja brana ika
lan soekati gamellan
kawaris hing Tjarbon iki
hing koekoem moella
mangkana waja sawidji

Ingkang nama Pangéran Agoeng binakta
maring Tjarbon nagari
katela kang nama
Pangéran Tjarbon ika
doepi kang sawidji mali
Pangéran Wirja
pinoepoe ika déning

Gédeng Demang anang Losari kang parnan
sangeting kinasihi
katela Pangéran Losari ingkang nama
Pangéran Roedjoe ana hing
kang arama oewa
Pangéran Radjan egaris

Kali kang iboe ratoe mas Njawa
wonten gantining goerit
Kandjeng Soenan Bonang
mantoek ing Karamattoellah
Soenan Djati Soenan Kaliwoes anéng kana
moewa Sick Djagapati

Sampoen sirna soemala hing kang kang aséda
pinetek gonabetjik
ana kang kinarsa
déning Wali titiga
poetra Soenan Bonang nami
Pangéran Dipa
ing ngistrenan sajakti

Pan djoemeneng Panembahan ratoe ing Bonang
anika panata gami
ing sapradja Bonang
tan nana langganaha
ing ngarsane sangabetjik
titia wisésa dino eloerang déng Hyang Widi

Dangdanggoela

Wonten mali kang kotjappong goerit
mangka wong sabrang ngadja
kang nama Toe Baggoes Pasé
nenggé babaktanipoen

wadja gagaman hing sangoenging
pradjoerit kawan daca
doekking sadja nipoen
arsa ngajoni wong Djawa
ing ngilmoene hing ngamallé kang sajakti
maring Tjaribon nagara

Mangka ana karamate Sang Djati
sarawoehé wong Agoeng sing sabrang
dadi sirna pijangkowé
andap asor toemongkoel
dadja sira wekas badami
sasahat ngemoemana

dateng Ratoe Ajoe
randaning Soeltan ning Demak
kang Sinoehoen dening kang osiking ngati
noeten naros kang poetra

Ratoe Ajoe masih mingkoeng noeli
dangoe-dangoe andérék hing karsa
kang rama hing kandikané
nabda waoe hing Toebagoes
anakda bawa isoen iki
amba ngamat djarijah
nama Ratoe Ajoe
soeka laki maring bawa
mas kawiné anak wadon mati sahid
Toebagoes woes narima

Rama inggiko ela angoboeli
ing paningkahé ingkang poetra rama
mas kawiné sakandikané
inggi rama ing maoe
sampoen nira sinaksénan déning
Soehoenan Kalidjaga
lan Pangéran Makdoem
Toebagoes woes aningka
djatoekrama ika sedeng amoetranni
istri soetédja warna

Pinarab Ratoe Wanawati
langkoeng sihé waoe kang rama
Pangéran Toebagoes Pasé
mala ing salaminipoen
Ratoebagoes lajar aprapti
késa dateng karana
titindjo praptanipoen
jén kala rawoeh hing sabrang
katjarita manoek pasék ika ngiring
jén woes nrawoeh hing Djawa

Manoek Pasé asanak badani
lan kokokbeloek Ki Doedaraga
mala salami baminé
mangkana doecking temoe
wonten mali kang koetjap maning
Pangéran ning kadjaksan
Séck Mulana goeroe
tebengira mamariksa
wong kataton tan bisa aba anan ing
hing waringin pitoe panta

Sampoening atra pariksadé ki
pan doemeter dawoeh Sang Salijoellah
doemogi maring sédah
ja tan ganti araweh
Soenan Djati lan Soenan Kali
ambetjiki kang séda woes sirna kinoekoer
ana hing lalangan koermat
lah ing kono marmania Soenan Djati
andjenengken kang nama

Tanda Wari ika kang gantosi ing tjepengé Pangéran Kadjaksan
Mulana magrib tandané
mala wis kasoehoer
hing sapradja Kadjaksan pati
koemolko ing Pangéran
Kadjaksan pangratoen
lan andjenengaken nama Djanapoera
tjekelane-tjekelane wangoen pitjis
timah ingkang kinarja

Ingnganggité kang Soenan Djati
lahip pradja ing Tjarbon nika
tjepeng mikrab hari roro
Soenan Djati kalihipoen
Soenan Kali hing pramilaning

Soenan Boelki jaika
sakaliji saewoeng
késah maring pradja lijan
Arja Makdoem waoe kang ngimami
ing wahoe lawan Pangéran

Ratoebagoes jén wonten kalaning
anang Tjarbon nenggi lamon lajar
ja ta Sang Makdoem adéwék
wonten senés dinapoer
poetra Sultan Demak kang jakti
djaloe mama Pangéran
Radjanagara agoeng
ing salamining agesang
tansah masi angarah roesaking Wali
kang ning Koedoes nagara

Ing sanggek hing ngamales poeli
ingkang rama Sultan Demak
jata retjep pangikette
ika ta Sang Tandadjoeopoe
Kang sinawittan linén hing sih
pinandji djangjinira
sira Tandadjoeopoe
adja kapalang sasanakkan
maring isoen rémanggana ambek pati
jén bésoek éstoe oego

Soemérénne Soenan Koedoes jakti
soen wénéhi sira pangawasa
ing Koedoes bawa sang katong
apa doedoeni ikoe
aja Djipang ing Demak loewi
amasésa ing ngarat
bajané soen tanggoeng
ing ngadosa ngani aja

sabab Soenan ing Koedoes amimiti
nganihaja mring lijan

Tanda Djoedjoe sakedap agingsir
tjipta nirange lawan Pamadjikan
ningali oepah-oepahé
keton sapeloeh éwoe
lawan djangdji wisésa kening
ing sakoes nagara
Tandadjoepoe sanggoep

Soenan Koedoes woes oeninga
saingerré panakawan anisip
nanging tan sedi ing manah

Woes oeninga adjallé pribadi
tan ningali waoe panakawan
anging yang Poerba karsané
sadenging salat soeboeh

Tandadjoedjoe prapta mandjing
anoedoekking Soehoenan
siweg parloe soeboe
tan pasah ingkang gagaman
keris toegek kadoega Séck Djagapari
asalam ming salat tiro

Angandika Soenan Djagapati
jén sira repangoentappena
patinisoen sajaktiné
iki li keris ésoen
soedoekkenna iga kang kéri
tan kalak isoen pedjah
dénинг keris itoe
oepama sira pradjaja
lan gagaman lijan saking keris iki
ingsoen mangsa matija

Sigra noebroek pada aglis
Tandadjopoe tabat sroeh karoena
soemangga kaola soehoen
Soenan Koedoes aris mangsoeli
adja samono sira
toelékena sanggoep
pon karep pira prijangga
ora lijan ikoe karsaning Yang Widi
sira darma loemapah

Tanda djoepoe matoer noehoen goesti
boten sanggem koela ngoentapena
doemateng hing soemérénné
Goesti koela Sinoehoen
sampoen kringgit hing sadjronning gali
sapinten nraka koela
moertad dateng goero
laherré mangsa wontenna
ingkang ngoekoem
bantossé ta kados poendi
koekoemmé hing ngaherat

Soenan Koedoes angandika mali
ija loepoet ikoe oedjar ira
balik sira jén mangkono
mogokking oedjar isoen
ora sida sira maténni
maring soen woes nyata
naraka ing bésöek
sabab lakoennira bantah
maring goeroe wong doraka ikoe pasti
dörlaka maring Allah

Lah ing kono sgra mampénni
Tandadjopoe hing doeboeng Soehoenan
sigra linaksanan agé-iga wekas sing poengkoer

sampoen sirna wapatting Wali
oeda angin diwoehan
ketoeg lawan lindoe
silakking teteroe mangkat
ja pinetek bun etjik pan sirane hing
Bersotji Astana Soerja ngalam

Sasampoennung Randadjoepoe dadi
ing ngasrahan djeneng kaoetaman
Dalem Pati ing djenengé
wisesa anéng Koedoes
ing pagaman doerga mandi
nan koemidep pira
miring kang prentah waho Radjanagara
anéng Koedoes ika kang angresti lewi
kina poedja ing agama besar

Magatroe

Pan mangkana hing Demak Dalem Toemoenggoeng amiarsa
Sang Wali
soeméréna dipoen
Tandadjoepoe kang maténni
Toemoenggoeng Demak asalot

sad jang redjek mring Sang Maha Pati Koedoes ing waja tengah
wengi
kad ja lampah doekking waoe
hing Koedoes alokking djalmi
lamon tatkan barangkot

Malah sirna pedjah Sanga pati Koedoes
Arja Radjanagari
mring Pradja Padjang loemajoe
angaengsi gesang noesoepini Soenan Padjang doekking enggon

Pan mangkana kang djaja Pati hing Koedoes
ika pitata saking
Toemoenggoeng Demak adawoe
nama Papati gaganti
néng Pati kang sirna papan

Wonten mali tjarita katjapping toetoer
Ratoe Madapa doek dingin
tatapa ana ing Goenoeng
Adjar Soekarsa mangkiddi
salawi tahoen ing mangko

Woes agenep salawé mangkana ajoen
ing sadja angloewarri
mangkana koelijang roentoe
dén alap ika toemoeli
dinahar doemadja bobbot

Tekéng waktoe babar tedja warnanipoen
istri toer pinarabbi
Tanoeran Gagang rahajoe
eloes salam etting ngaorip
arroepatoer aman tjomong

kapiro sa waoe déning Radja Lahoet
ing Djaketra Narpati
mangka sinengkeran sampoen
arah binadéja kening
ingkang poetra ja Sang Katong

Ingkang nama Pangéran Djaketra Taloetoer
mala woes aneng woeri
Djaketra ika Sang Ratoe
Tanoeran Gagang saréhing
kang ngiboe tan kangkat mogok

Hing karsane waoe Radja Lahoet
marmaning kinawoeri mamarekking maring kabael
hing panedana dingin
kang ngiboe maring Yang Manon

Asring mala Sang Radja Lahoet arawoe
toendoek hing Tjarbon nenggi
poenapa dening Sinoehoen
noenten Arja Sibangkingkin
kali poetra djaloe anom

Lah ing kono sédaning poetra
Sinoehoen Djati ingkang nami
Djajakelana kinoeboer
ing Epoeng parna pinoedji
naroengtoen tanpa gagantos

Ki Séck Katini Séck Agoengrimang ja mantoek
ting adammé lan maning
Pangéran Kadjojoran agoeng
Pangéran Daradjat lalis
pan mangkana doekeing enggon

Ki Séck Katinjan sinare Kalidjaga waoe
Séck Agoeng Rimang ana ing
Etoek Pasarejannipoen
Pangéran Kadjoran menggi
Kamalaka doekeing enggon

Agoeng Gegedén samja soemérén sampoen
lir pageboeg nitissi
karangkendal kangroemoehoen
sami séda kinarossi
gegedén sok lijaning wong

Yén sédané maksi djoemeneng Sinoehoen
saenggon-enggon dapenni
ora ngebon akoempoel
doepi sawo iri Sang Djati
kang wapat sami winnanggon

Koempoel ana hing Goenoeng Djati linantoen
kan setemenné hing djalmi
ragane Sinoehoen Yoejoet
anaha kotjapping goerit
kang toehoe Soehoenan Katong

Malah karsa amanggijakan kang poetoe
sami poetoe kang nami
Pangéran Tjarbon kalijanipoen
nama Ratoe wanawati
Toebagoes poetrané wadon

Mapan ika sami déréng balégipoen
saksi Sosoehoenan Kali
lawan Pangéran Makdoem
Toebagoes agosti angling
ana pikoekoeninging Manon

Amba ningkahaken kang woelang ngoerm
Sang Ratoe Wanawati
maksi woewodjang tinemoe
maring wajah rama tinggi
kang nama Pangéran Tjarbon

Mas kawin doewé anak yatim toemoewoe
Soenan Djati angaboeli
anarimakaken isoen
paningkahe poetoe istri
kang metoe sing anak wadon

Ingkang maring poetoe lanang sing anak djaloe
maskawin andoewénni
anak lanang ingkang toelöes
dadi Yatim mangka mami
anging si kana pitoemon

Ya sapungi andoea Soehoenan sampoen
watek bala lan santri
matja amiri sampoen
toetoeg sinaksenning wargi
adjining kangken Soehoenan Katong

Moewa Dalem Radja Lahoet anéng rikoe
Ratoe Winahon nenggi
Radja Padjajaran koempoel
anakseni ingkang kawin
loetjoe titingallaning wong

Wantoe panganten kasamenning oemoeripoen
Pangéran Tjarbon doeganning
joeswa djekiek gangsal nahoen
Ratoe Wanawati doegi
yoeswa tigang nahoen mangko

Dock samono pranatanning Masjid Agoeng
imam kang sili ganti
Senan Kali Soenan Ratoe
Pangéran ing Makdoem maksí
akamat tjekelanning wong
Séck Datoekkafi ika waman aksanaoe
kapindo Modin Djati
Lebé Djoeiman ping teloe
Boejoet Pandjoenan lan maning
Soenan Panggoeng namaning wong

Pangéran Djanapoera kaping nemipoen
kang ada tengetté maring

wawatjan lami toemoewoe
mangkana Soehoenan Djati
anepi hing Sapening gon

Sarta soekoeng nagasoesila pinangkoe
Soehoenan woes oedani
lamon petjek adjalipoen
mangké anang Goenoeng Djati
aneratting toelis godong

Doek kang serat tjatjangkokhéika moewoes
he Soenan Sebangkingkin
lahoe poetoe nira ikoe
loenga chadji sira mati
anakira pan samono

Ija mati lawan karsaning yang ngagoeng
moela Moechamad Kapil
hing besoek djoemeneng Ratoe
lawan wasiyatté ajeng Nabi
samono oengeling godong

Kang sinoerat kang godong sampoen ginoeloeng
tjinakotaken mingglis
mring tjangkemé Naga doechoeng
sigra akeris toemoeli
amiber lir kadja elong

Pan loemrap aboeré kad ja andaroe
hing waja tengah wengi
woes prapta panadja nipoen
mara ing Banten nagari
gégéring wong sakadaton

Agoeng alok hing djana mastani andaroe
dawoeh ing Sibangkingkin

Soenan Banten kagoem-kagoem
doepi winaspada keris
sang Naga anjokot godong

Pinariksa godongé akhisi koeroep
toelis akonna chadji
Soenan wis tampa hing kalboe
jén serat saking kang jagi hing Tjarbon Sinoehoen katong

Soenan Banten ika wis wangoen wawang soel
toelisse salaka adi
lan toelis kantjana moeroeb
hing satjatjangkoking toelis
binoentel kastoeri ning keris
kang dochoeng mesat aganitos

Midjil

Lingsir wengi sang doeboeng aprapti
dateng Soenan katong
tinggalan kalangkoeng bagoessé
angandika Soehoenan Djati
boedéning koemaki
niana kang takaboer

Pira lawasé kita hing ngahoerip
maréntah bala wong mangsa teka hing doerijat kabeh
gon wisésa hing bala lit
ora liwat bédjing amoeng
sangang toeroen

Woes angandika samana atoli
Sang Soehoenan Katong
dan sidakep hing siti soemaré
alélémek poenika ronning
roedamala sidji
akrangoeloe watoe

Kang moes taka ngetan ngoedjoerré baris
dadi moeng goeh koelon
kadja salat hing ngoepamane
wantji sahoer Soehoenan Djati
wapat andjegjegi
oemoer satoe poendjoel

Rong poeloe tahoen mangkana nenggi
Soenan Kali gatos
wawara hing sanak wargané kabéh
la mon ika Soehoenan Djati
soemala hing ardi
gén kéntaki kang loehoeng

Mangkat goemoeroeh kang djagat asisip
kajon pada rontog
sasatowan pada moeni kabéh
kad ja toja anemboer atrih
kang swara goemoroeh ganti
ketoeg lawan lindoe

Sila karikil pada goematik
boemi anggerem anggembor
jasang Goenoeng djoemegoe swarane
ja goemen djrang koemandanging langit
Srangéngé a mo eni
goemarangsang ngoewoeng

Lir ta déning panangising Edjin
djaduhan alok
pan goemoeroeh ika ing tasbéké malaikat ika medaki
saking ngara hing langit
maring poentjakking Goenoeng

Ing käng wajah linajar reken age
kisah chadj binaktani

pasangoe lan djangdji
mampir sad jan djoedjoeg

Dateng Mesis aminta kasih
pan Soeltan hing kono
maring rajat ikoe satemenné
toetoerra kanda kang sajakti
lawan iki boekti
tanda rama lan Sinoehoen

Ingkang anéng godong kang tanta aking
lahikoe ing kono
pinto kena ing tanpa ngandellé
Sultan Mesis hing Siréki
minta apa paring
peosaka ning loehoeng

Pangéran Moechamad atampi
pitoeng kasséng gantos
pan anembah sigra mit mangke
sarta godong kang tanpa loem aking
binakta achadji
kotjapa hing poeng koer

Gi Pangéran Yoesoep angemassi
ganta tahoen mangko
waoe Soenan Banten soemerden
dadi manggoeng ika angantossi
ingkang késah chadji
ingkang ngadeg Ratoe

Kotjap Dalem Djadjaketra taloe toeré
kang djoemeneng ngadeg marpati
diparagab maring
ingkang warna Ratoe

Toenoeran gagang mamaning Poetri
arsa sapatoeran
noenten mijos agni sing bagané
maha Dalem wis wande agoeling
kalawan Sang Poetri
gjoewane satoehoe

Mangka ngoetjap lah iki Sang Poetri
ajoe tanpa dono
moeng tjoewané tan goena gantinné
saban asa isoen goeling
medal saking pardji
agni ingkang moeroeb

Ing marmane Tanoeran gagang kasesi
tjipta kaning oewong
tan takanggoeng tan katjipta selirré
teba dinoem kapanta rabi
pareng Dalem madji
hing Tjarbon toemandoeck

Marring joejoet Sinoehoening Djati
nama Arja Tjarbon
nembe oemoer sadasa djedjege
Ratoe Gagang toemoet angiring
ika sasiswan ning
pedekkanna lit tan wroch

Kinare mennan ing kana déning
Pangéran ning Tjarbon
Sinoehoenaken poenika sockanné
Dalem Djaketra wis anglilani
Ratoe Gagang dadi hing Tjarbon pinoendoet

Sinom

Kotjap mali Sultan Demak
kang poetra Sultan Demak dingin
ana wartané jen ika karsané amales poeli
kang rama doek dingin
sédané déning Toemoenggoeng
Demak déréng samampta
Sultan Prawata soesoeching
wis kawarta maring Toemoenggoeng hing Demak

Toemoenggoeng Demak alanglang
wataraning tengah wengi
mradjaja ing kanin binedil
soemala mangka noeli
Toemoenggoeng Demak kang noedjoe
kang poetra Sultan Demak
kang mangké ingkang doemadi
Panembahan Madijoen doek pinang arah

Déning sang Toemoenggoeng Demak
ajoen mali pinedjahi
soepanten kasoesoe boebar
Panembahan ingkang ngili
maring Padjang doemadi
kawoela bala kadjoepoet
kagawa maring Demak
la hing kono poerwa kaning
Ki Toemoenggoeng mas hoerri jén anjalo entang

Singa-singa hing nagara
binarang kot pinaloë hing
marmane Soenan hing Padjang
darbé sémbara hing mangkin
sapa ingkang ngoentapi ing
Toemoenggoeng Demak ikoe

pasti pada kang nagari
lawan alas Mataram généng nagara

Mala agoeng para Nata Boepati mantja nagari
tanopen kang bidak nrama
kang sami agengin ngati
hika kang sadja angarah ing
patiné Dalem Toemoenggoeng
soepajané Dalem Demak
sato mara sato mati
djalma mara djalma mati tanpa sala

Goena teloe lan tragnjana
oepas tan nana mandénni
ingkang samja angarah
ana wadag ana demit
lir ing demit oepasi
jén wadag soebawang ngloeroeg
prandéné ora nana
kang nemoe dalaning pati
enggénnira Toemoenggoeng bawa ing Demak

Ana Déning kabisanira Sinapati maring alit
maring sanak maring lijan
djar dinginne oli idin saking soehoenan Kali
marmané ika Sang Ratoe
abawa kadoeloeran
sahinggekké kang pinambabrih
ja wong Tjabon malah asring so bawa sandja
lan ta mahoené pisan

Dalem Djaketra kang nelir
pan samono lamon den gawaha néndra
Mangka pinonta pininta
deng Rija Tjabon noelja glis
sinoengaken pan mangkana
lamon ajoen kinarepi

Soenan Mataram angling
gi boten kenging hing ngingoe
samadéming wontenna
moemoeloe mata balasi
samaptanana lamon dinoeking sadja

Soenan Kali angandika tjilaka wong mamacénni
jén ora kalawan dosa
aloing si dollen toemoeli
ming djoeragan Walandi
ingkang arep lajar ikoe
mangka sapakonning Wali
Ratoe Gagang ing ngedol déning Radja Walanda

Tinoekoe bedil titiga
ageng marijem warnining
bedil ingkang sadjambangan
bolonge doek winastani
poen Sapoedjagat iki
waoe hing paparab bipoen
tetep anéng Mataram
doepi kang alit Satonimi
wastanira ika kang pinari gena

Hing Tjarbon ika nagara
doepi si Pameleng kang mami
si Hamoek wastaning sandawa
kang ing ngatoeraken déning
maring Djaketra poeri
milaning binagi teloe
sabab Tanoeren Gagang
wong teteloe kang miraossi
kaga doewan Tanoeran Gagang kang nama

Binakta noesa Walanda
ganti goemanti metétti

Sang Radja bangsa Walanda
soepaja katjoewan déning
namala metoe geni
Radja ngakal diwasa
wastaning papantan Inggris
doepi medal geni hing ngoesapan karam

Poekang woelang atemahan
tawa kadi saporanti
dadi kena jakagawa
toereon teleran anitis
marena ika wonten sing ning
sapanta Inggris toemoeroen
toeron ming ngakir mangsa
ika ikoe poewa kaning
doekking dingin panedane Ratoe Madapa

Kasmarandana

Warnanen kang kesah chadji
woes toetoeg ing sadja nira
petjappen sapamedeké
ana hing Mesir nagara
sampoen atra kang kanda
sarta srat woesing ngatoer
dateng Kandjeng maha Sultan

Ana hing nagara Mesir
noetoeg gonnira pratjaja
kaboekténning srat godong
déning tanpa aking ika
hing ngandel lamon ika
Sajid Boelkika kang wangoen
narmané Olija Allah

Mala sampoen pinaringi
ika Pangéran Mochammad
kang Poesaka rasoekané
Rasoeloellah dingin nira
lan kinarilan dad ja
Djeneng Sultan bawa Ratoe
ana hing Banteng nagara

Sampoen ning lami toemoeli
dinoeloeran hing pamitan
mala woes lajar lampahé
doek anang tengah sagara
Mangka ana soesoellan
wadjir saking Mesir moewoes
Sultan Djawa Toewan wakap

Amba pinoetoes hing Goesti
ambakta poenaing Rasoekan
kang moengel waoe pawéwé
lamon soeka ikoe Toewan
lini ronnan kalawan
Rasoekan Poesaka Ratoe
Banisrail mapan toenggal

Poenika loelohoer adjí
Sultan Chadji ika nabda
hé wadjir ikoe samono
manoera hing kandjeng rama
isoen kalimat pisan
anoehoennaken bebendoe
prakara iki Rasockan

Idep-idep rama paring maring ngisoen kaoereipan
tekang anak poetoe kabéh
teloeng kandjeng rama ika
mapan agoeng poesaka

ora babeh badjoe
sang Wadir waoe pamitan

Doepi matoer ika maring
Sultan Mesir jen Rasoeikan
dados boten lilané
panoehoen né poetra Toewan
hing paparing poenika
bab prakawis inggi badjoe
boten soeka kallintonnan
Mangkana Sultan ning Mesir kalangkoeng nalangsa nira
kantaka sira Sang Katong
anoelja wonten kang swara
hé Sultan Mesir dan sira
adja ta hing mana gegetoen
pan ikoe pakareppan nira

Mangkana Sultan ning Mesir
mapan Sultan bénjing pasti
alaje djaloek Poesaka
kalawan rong prakarané
bésoek oega kang Rasoeikan
balik maning hing bénjang
ing doerijat tira bésoek
tinembe maning kagemma

Djenekke Rasoeikan Nabi
ana hing Banten nagara
pitoeng toeroennan watessé
toli balik maring Ngarab
Banten sirna paréntah
apes kadjara ing doedoe
woes toetoeh oedjaring swara

Sultan Mesir woenge aglis
soeka rilla asrah manah

kotjap Sultan Banten lirré
woes rawoe nagara nira
kali sobawanira
pepatjara ingkang langkoeng
adi aéng sarta nira

Gawok ingkang nganingah
wahoe dateng Goesti Sultan
kawoela liwat soekané
agoeng wong sanak asandja
anoengsoeng ing poerwaka
sarwi angoetjap bagdja Sang Praboe
Djomeneng Sultan kang nama

Doepi ana memelingi
hing sagara prahoe kapal
ana swara abanné
kadi kidoeng ing gamelan
ika pribasa nira
Sultan Banten adja toengkoel
anoenggonni maring gesang

Kita hing ngoerip poeniki
hing ngoelatan déning bala
tinemoe lan panjakit kabéh
woes sing lara ing ngolettan
déning pati ta sira
anak poetoe nira
djenenung Ratoe
teddak pitoe toli roesak

Paréntahe maring ngalit
karana ana kang mawa
agawé karoesakkanné
pan anak poetoe kang darma

anglakoni mangkana wong toewa kang moerwa mangoen
katjeda ning
wong Talaga

Ratoe Madapa kang mandi
pandeo ené maring Dewa
sakala saking manteppe
ja ikoe pan sirna nira
kapoesakan gaib moesna
wikan enggén peoroeggipoen
pan toeggaling kang Poesaka

Keris Naga moesna gaib
tanpa paran ikoe tanda
doerijat Sonoehoen Katong
tan padjowa watek walaka
ja ika kala samana moela adja girang-girang
sira dakaboerring manah

Sultan Banten ka kongsi
pitoeng daloe pitoeng dina
tan karsa dahar go elingé
sangetting kang tan winoelat
medalling lesoe loepa loemampah kadi tan kadoeg
ambakta sariranira

Lami-lami ika toli
lagoeing kidoeng swara
dén niket rinaketté
di namet tjipta gamel lan
Denggoeng Roejoeng paparabbe
wonten ganti ning tjarita
anéng Tjarbon nagara
Toebagoes Pasé Agoeng
ningali djalma soemala

Soenan Panggoeng ingkang nami soema la ora kadjamak
ngadeg mentang mengkang kélék
njekel biti lati kad ja
greget bramat ja
mata mandelik maringoet
kang mrigali sami heran

den prawasa kadi wesi
keker koekoeh ora kena
dén nalapi hing majitté
werengkeng wangkeng tan kena
sili ganti manoesa
kang sami arsa andjoengdjoeng
soepaja majit tan kena

Kalisani kang sami mambrih
pinetek kilajoe parna
dan sang Toebagoes Pasé
ngandika lamon anaha
Soehoenan Kalidjaga
tan wandé isoen matoer
soepaja anéng Mataram

Tjep kendel kang waoe angling
rawoe Soenan Kalidjaga
énggal ngandika wijossé
bokking ngapa wongsoemala
kang bener adja mangkana-mangkana
ala dinoeloe mangka madjid kaja saban

Sidakep saré meremi
woes sinotjékaken ika
pina tak anang hing kono
noelja Séck Datoek sirna
pinetek Goenieng Djati wétan
pan kala noerongtoen
Modin Djati pan soemala

Ora lawas ikoe mati
Pangéran Tandawariga
toemoeli ika ginantos
kaponakané Pangéran
Tandawariga dadja
kang djenengan Tandadjoeopoe
kinandjeneng nama Pangéran

Poerwane Badiman dadi
atjepang kanimat Djomoeah
pasarog wedi Ki Lebé
Djoeriman lan panta kadarm
innallaha Séck Kadam
tjekel Tjis Kadamtjoemoenoe
kalawan Kadamtjalila

Pada marbot lan Ketib
lan panta sabatoer rira
wong patangpoeloehh batoeré
wondéning djana poera ika
wis mari tjekel adan
Boejoet Pandjoennan woes mantoen
soemawonan weroetanda

Soenan kali ika noeli
ora karsa ngimmmana
amoeng Ratorbagoes Pasé
lawan Pangéran Makdoem ika
sili ganti ing kana
watek Pati ja wis saewoeng
Pati Keling Pati Kerang

Kinanti

Pangéran Tjarbon doek oemoer
teloelas lan pitoeng sasi

ika metengaken Emban
ingkang nama Adoemanis
asal Talaga poenika
Pangéran Makdoem atoering

Soenan Kali lah poenika
sadiwegi kahasrih djomenenga sesembahan
sanadjanna déréng doegi
ingkale tahoen lima las
langipe badbelas moesim

Kandi déning sampoen loeroed
poenika sala sanoenggil
tetangerin balég joeswa
atawa toemoeli ngimpi
sarta koeroed sarta kelar
woes poepoetra kakali

Mih ngadjengaken tetaloe
Soenan Kali tan rempagi
doemadi déréng kaangkat
ganta dina ika toli
Pangéran Tjarbon soemala
sinare wonten kamoeuning

Katela loening pamoewoes
Pangéran Sédangkamoening
tilar garwa doek garbana
ika Ratoe Wanawati
ingkang bobot sangang woelan
ganta dina noleja lahir

Poetra djala jatma djaloe
kang iboe soemérén déning
wewedi kabaja-baja
prajaji joeswa sawengi

kang iboe toemoli tilar
kang poetra salamet hoerip

Kang pinaraban toemoewoe
Pangéran Agoeng doeck nami
ja ikoe kang winawajang
sesembahan hing andasi
doepi ingkang sing Ampijan
pinarabkan ingkang mammi

Pangéran Soekkagoeng
ikoe kang dén poepoe déning
Gedéng Wandohadji ika
iung Gebbang mengko nagari
Pangéran Wirasoetaka
kaeloen ingkang mastani

Pangéran Gebang toemoeloes
kinasijan hing samantri
ana ing Gebang kang prenah
doepi lamining ngalami
Soenan Kali pantjawaga
kalawan kang garwa njai

Oedioloen wastanipoen
nalika Soehoenan Kali
tatamoewan wong Mataram Soenan Kali animbal
hing garwa kon soesoegoewa
angoendoeana tjitjipir

Kang garwa wada angasroeh
anata katjang tjitjipir
nembé mandoer wingi éndjang
apané kang dén oendoehi
Soenan Kali mijos oendoehi
teka ora dén toeroeti

Baé hing sapakon nisoen
sigra késah Nyai Oendi
lang koeng déning gawokira
atingali wo tjitjipir
katjang atoeb kaja rebah
aglis njoenjoegoehi Nyai

Sedéng tatamo woes mantoek
ana wong ngébér ngampiri
ambakta sindjang akatah
Nyai Oendi ngasi-jasi
maring Soenan Kalidjaga
malampa dén welas sasih

Tinoembassaken sasampoer
Soenan Kali amangsoeli
isoen sing ngendi pinangka
isoen koewat amitjisi
sidji pésér ora gadah
kang garwa maredéng roentik

Boten moerka koela noehoen
sanoenggil Kyai iki
Soenan Kali Andaja
karamating Insankamil
tan dangoe djinising arta
anoelja aglis bajari

Ing sare gining sasampoer
wis sampoerna dén pitjissi
Nyai Oendi mesem nabda
poenika satoenggal nabda
sindjang badé tapi koela
sampoen kappambeng paparing
Soenan Kali nabda assroeh
wong apa ta sira iki

énjar-énjor jén rarasan
ing mave oédjare sidji
noeroetana napsoe nira
mangsa wis sewét sidji

Yén sira samono ikoe
pinasti tan bareng maning
lawan isoen sira pisah
sarwi késah kali etjis
mring ngétan hing poeroegira
kang garwa tininggal kari

Tan lami kang garwa lampoes
ganta dina angemassi
sirané hing Kalidjaga
kotjap Ratoebagoes mangkin
késah lajar lampah ira
doepi kang sami ngimammi

Hing Tjarbon Masigit Agoeng
Pangéran Makdoemkabir
Pangéran Agoeng doek joeswa
padbelas tahoen toemoeli
Pangéran Makdoem soemala
sinaré hing Makdoem adi

Mangka immamé saredjoe
Pangéran Agoeng pribadi
naban-nabam salat Djoemah
ja choetbah ja ngimammi
djoeroe kamat Séck Badiman
sorog wedi para santri

Lami-lamining toemoewoeh
ganta sasih ika toli
ana Mrebot djaroeman

poerwa sing wétan angabdi
hing Pangéran Ageng mala
salaminé kinadassi
Pangéran Ageng toemoewoe
wengi Djoemah marimpéni
katekan lamat sampoerna
Pangéran Agoeng dén jakti
Ki Djaroeman timbalana
in salat Djoemah ngimainmi

Malaka lampah tinoedoe
Marbot Djaroeman pinardi
atoerregi noehoen pisan
inggih tan bisa ngimammi
pinaksa sigrah kalampah
Djaroeman ika woes takbir

Woes takbir moelja dangoe
ora moeni oera ngetjap
ngadeg sarira lis tossan
ora na ketung katoli
ora roekoe ora matja
doepi hing ngati kalanti

Pangéran Ageng agoepoeh
anjoeloeri angimammi
woes loenta kang salat ika
sampoen bada ika toli
marbot ginoega tan kena
alot wangkeng kadi wesi

Pendak Djoemah masih noenggoe
Arja Ageng angimammi
toemoeli sakala ika
marbot roekoe soédjoed ngiring
bakda noli pinrasila
katrappan koehoemmian jakti

Matuer marbot kalangkoeng noehoen
doeka dalem andaewoehi
sijarat koekoem kasangga
saking waoe ga poenapi
atoer kawoela tan bisa
arandéné soemangga pati

Pangéran Ageng agoepoeh
animbali wangoen geni
ning aloen-aloen mangkana
sing lohor teka hing magrib
marbot ing ngobong poenika
arandéné waloeja djati

Kang geni asedéng soeroed
Ki Marbot katingal maksí
djisimé djati waloeja
Ratoebagoes amarengi waoe
rawoeh saking sabrang
sareng pinariksa geni

Maido maring kang poetoe
kenang ngapa baja kijai
ikoe mama joejoet tira sira
toemang lawan geni
dén gelis sira setjaha
sira wani maring Wali

Bok sira tan weroeh katjoeng
ikoe si Kaki Soenan Kali
moeng hari koewen Olija
ning nagara Djawa iki
tan nana loro titiga
si kaki kagoeming ngati

Pangkoer

Pangéran Agoeng anabda
saéstoenig repet kaoela kaki
karanten sawahoénipoen
nami Marbot Djoroeman
ngabdi lami dateng kaoela poenikoe
ing wengi djoemah njoepena
wonten raga adjaténi

Marbot Djaroemman poenika
kén ngimammi dalah kalampah mangkin
sareng atakbir poenika
kéndel tanpa wangennan
gih kaole kalampa soeloan imammipoen
doepi woes bada ginoega
prandéné lir toegoe wesi

Kadodora roekoe salam
sareng pendakké hing Djaemah mali
roekoe soedjoed saotéh mamoe
dateng ing salat koela
hina sotéh kaoela déning sawahae
poenika botenna karsa
kaoela paksa ngimammi

Inggih noehoen palamarta
mama joejoet kaoela boten oening
lamon oeninga hing temboeng
koela toli mangkana
sampoening ngangken kaoela joejoet Sonoehoen
Soenan Kali woes anjeber
nahap jaikoé poerwaning

Yén ana wong salat Djoemah
jén tan bener ikoe koekoemman pasti
lan ana tjarita kawoewoes

ana Marbot kang doemad ja
angoenggahi hing sabawa aloehoeng
dadi Wali toer oetama
moeroed sigra Soenan Kali

Sareng lan Toebagoes ika
iwa bala andadékkaken mangkin
sesembahan hing toemoewoe
malah woes hing ngestrénnan
Pangéran Agoeng ja Tjarbon pan wis mashoer
Penembahan ratoe ika
ana hing Tjarbon nagari

Mangka Soenan Kalidjaga
salarine sing Tjarbon noelja mampir
maring Gebang kang dinoedjoe
hing joejoet Kandjeng Soehoenan
sing ngampijan nengge wave djenengipoen
Pangeran Prawirasoeta
hing manjko djinoengdjoeng Adi

Katela Dalem mring Gebang
sampoen loenta lampahé lastari
mapan mangkana hing lakoe
anoeroet waja Soehoenan
ingkang saking poetra Demang kang woelangoen
Pangéran Wirjarajana
hing mangkone woes lineri

Ing koekoeman arempagan
sarta bidak bandoe anéng Losari
Pangeran ika toemoewoe
djoemeneng sesenibahan
Panembahan Losari doek masoehoer
sampoening kad ja rnangkana
Ratoebagoes hing salami

Sampoen sakitja hing manah
ingkang kantoen sakarsa-karsa pribadi
hing lajar rawoe hing lakoe
sabbab woes karoemasa
amakilli hing sasirnané Sinoehoen
woes kagem déwék déning kang wajah
Panembahan Adji

Hing mangke samantoekaza
Soenan Kali maring Tjarbon asakit
prenah anang Dalem Agoeng
pangangloené moestaka
kang toetoenggoe santri kali woélangoen
Ki Memek lan ki Tjengal
doepi Panembahan Hadji

Tan karsa anglinggi ana
Dalem Agoeng kalampah asipta mali
menggahing kilén winangoen
Poerasparek hing kana
emméh dadi sidji lawan dalem Agoeng
lan réka idéring koeta
sami ambané paragi

Koeta gedéng Pakiringan
ja kadjawi saking kita kiléning adi
pangétaning koeta noeroet
pinggir kikisik mangka
salin bawa hing kana siptage Ratoe
béda dingin kang Soehoenan
wantoening Wali sadjati

Salamining tan tjoeriga
maring moedoeh déning wedos pribadi
jén ana kang ngarah loepoet
koidjahe Pati Kalang
mangka Soenan Kali sangeting pangangloe

wapat mangka panakawan
kang toenggoe ngatoeri oening

Dateng Panembahan Nata
inggih Goesti Joejoet Dalem poenika lalis
doepi Panembahan rawoe
amriksa lajon tan nana
hing genahé maoe moeng kari kang roeroeb
doemadi kang pinetekka
ikoe roeroeb tatambah sepi

Sinare wétanning mikrab
Madjid Agoeng kang roeroeb sampoen lastari
pinetek ana hing rikoe
kang tembé wewehhan
koetaning mikrab ingkang mandjongol moentjoel
djadjantoeng dadi katenga
dinginné ana hing pinggir

Toetoege sinerat malem Kamilis sasih Djoemalawah, tanggal 30 tahoen Bé Idjarh 1280 poeniki njerat angsalé Soeréngrana, poeniki wawaosan Sadjarah Wali, saking wiwitan doegi ing wekassan, doemoegi dateng para Sultan Kasepoehan, Kanomman Penembahan, Katjarbonan noeli toetoeggé, teka ing akirre pisan

Dangdanggoela

Warnanan ingkang winoeri-woeri
Djeng Sonoehoen Djati ingkang tadaik
ingkang mrena anéng Tjarbon
sinerat saking loehoer
martabatté agoeng kang Wali
ja Séck Wali Akbar
sinebbet Sinoehoen
doek gagarwa djadjaka lara
Nyi Mas Babadan gaboeg boka moetrani
takdir oellah tanggala

Doepi garwa ingkang amoetrani
Nya Rarapi poetranira
Séck Datoekapi namané
kakali poetranipoen
kang satoenggal dén paparabi

Pangéran Djakalana
kang sineboet
Pangéran Sedanglaoetan
kang sirane hing Moendoe lan Iboenéki
Rarapi pon ning kana
Boja wonten tadakkaning woeri
doepi kang mrenah hing tedakkannira
poenikoe kang mijos
saking Padjadjaran waoe

Kawoenganten ingkang moetranni
istri ingkang paparab namané seneboet
Ratoe Winaon kang krama
wonga agoeng Sabrang Pangéran Atsangin
marenah hing poetranira

Ratoe Winaonika angadénni
Pangéran Sébangkingkin ika

kang mrenah ka Sultanan koelon
hing Banten Pradjaninpoen
doepi garwo Sinoehoen Djati
ingkang saking Mahostikta
poetra Tepas nenggoeng
pon amijosaken poetra
istri nami Ratoe Adjoe ingkang krami
wong agoeng saking Sabrang
Ratoebagoes Pasé kang pranami
amarena agoeng prasoetanira
hing Tjarbon mapanmengkono
ika Djeng Ratoe Ajoe
anggadénni ika kang nami
Pangéran Pasaréjan
ikoe kang rino eroe
wiwinihing ka Sultannan
ingkang ana hing Tjarbon ika toeroening
Sariphidajattoellah

Ika Sajid Séck Akbar kang dadi
kang djoemeneng Ratoe hing pakoedjan
ija déning pangangkaté wong somas ija ikoe
koela warga Pandjoenan jakti
Djeng Pangéran Pandjoenan
poerwa kala rawoe
kali raji Rara Bagdag
apa déning kang raji Séck Datoekapi
sarta kawoela bala

Angrong atoes sawidak siki
poendjoel nenem balanja kang tiga
ja djedjeg domas djoemblahe
poendjoel sidji ing ngitoeng
maring Djeng Pangéran dadi
samja golong Djamah
maring Djeng Sinoehoen

saroepaning koela warga
agoeng alit sadaya dén imponni
dénnya Djeng Soehoenan

Dén moemoeli hing ngageng kang ngati
sinoeng nama gegedén sadaja
wané ka Pati jan mangké
mané ingkang Toemoenggoeng
ana ingkang loenggoeng Dipati
pon kawoela warga
pandjoenan kang rijoeng
hing sadjenggerré Soehoenan
ngadegaken gama Islam Pakoengwati
menggé doek ing ngistrénan
Djeng Sinoehoen doek djoemeneng Narpati
hing ngistrennan anang Tjarbon Girang
wilajat Pandjoenan moelé
aken toewoe rahajoe
amangoenaken ika sapoeri
Dalem Agoeng pakoed jan
miwah pintoe-pintoe
kantaning pintoe sajastra
kiloe garba kita Dalem Pakoengwati
pangrengganan Pandjoenan

Doepi kita Tjarbon kang ngoebengi
saking gotaka kasonéjan
ngoelon mengkoe Palosaren
aloenta mung ngaliripoen
Pakiringan ngetan doemoegi
gotaka Djagabajan
natas ngétannipoen mimingir Kali Pabéjan
ngidoel tepoeng koeta nagara Pakoengwati
pangrenggan ning wong Demak

Apa déning hing passang pasoetting
lemah doewoer ngaloen naloen miwah
Pasar miwawh Sabandaré
ingkang soeka maleboe
hing katandan miwa marga-margi
poenika Sultan Demak
ngabakti hing Goeroe
amangoenaken kang gaddang
Astana geng toekang asal madjapait
Radén Sepet agoenia

Goena karja koeta samaptaning
kenék kipoen limang atoes sawidak
sing Demak amoelé Tjarbon
salenggahé Sinoehoen
malah ika Poetri ngadanti
ingkang nami Ratoe Njawa
katoer hing Sinoehoen
kinarja mantoe poenika
pinanggi jaken kalajan poetra Tjarbon nami
Pangéran Pasarejan

Lami-lamining adjatoekrami
noeli hika mijossaken poetra
nenem katahé poetrané
sawidji hing namanipoen
Radén Kasatrijan kang nami
agarwa ing Pradja Toeban
ping kalijé ikoe
kang linggihaken ning kana
hing Losari djoemeneng Panembahan Losari
Ratoe kakadijasa

Sinom

Ya ikoe kang langkoeng goena
katjarita oekoer roekoe beras saelas kinarja
gadjah sakandangé dadi
tarkadang kajoe djati
lalakaran masiswoetoe
dén tekab babar pisan
kaligane woew doemadi
pan oekirran karsané kang mangoen goena

Adja salah samja ingkang
djeneng Pangéran Losari
doedoe kang dén petek ana
hing Palosaren sajakti
doepi ingkang sinaré hing
Palosaren kang saéstoe
pan koclawarga Pandjoeman
kang dingin dipoen wastani
Pangéran Beken santananing Pandjoenan

Dinginé awangoen karja
ababak tanah Losari
ija ikoe kang amoerwa
mila kaseboet nami
Pangéran Losari mashoer
anoet namaning jasa
nami Pangéran Losari
doepi wapat Pangéran Reken poenika

Doepi lininggih jan
hing Panembahan Losari
ingkang wajah Soesoenan
ingkang djoemeneng Losari
meng sapandjeneng lalis
tan loentah mantraning Ratoe

kaping teloené poetra
hing Pasarejan kang nami
Pangéran Dipati Tjarbon kang sawarga

Sadangkamoening teleran
Radja Wali Soenen Djati
ingkang toemoewoe marena
ana hing Tjarbon nagari
wiwini mantra chadji
anéng Tjarbon gelaripoen
kaping pattipoen poetra
Pasarejan ing kang istri
nami Ratoe Mas kang akrama anéng Toeban

Ping limane Ratoe Mas kang akrama Toebagoes adi
nagara mangké djadjahan
Banten toenggil kole wargi
Pandjoenan hing ngrasri
kaping nem kang poetra ikoe
Pasaréjan kang nama

Pangéran Waroedjoe adi
pan mangkana djoemeneng Pangéran Sadakadjeman
Sidangkamoening poenika
ginadang linggih Narpati
sasirnané Djeng Soesoenan
mila aloenggoeh Dipati
sampoeni ika akarami
poetranipoen Ratoe Ajoe
ingkang namining wanod ja
nami Rato Wanawati
apoepostra titiga nenggé kang nama

Ratoe Séwoe kang wanodja
doepi kang djaler anami
Pangéran Mas ija ika

ingkang atampi nagari
saking kang joejoet Adji
djeneng Panembahan Ratoe
ing Tjarbon sabab ika
kang rama Sédangkamoening
soeméréné roemihin swarga Soehoenan

Apa déning ingkang éjang
waoe Pangéran Pasaré jan
pon inggih séda roemijin
swargané Soenan Djati
pramila tampi mring joejoet
kang wino iri doerijat
hing nagara Pankoengwati
koeta Tjabon masih genggeng manggeng barka

Doepi kang raji Panembahan
kang nami Pangéran Manis
doepi raka sing ngampijan
poenika sinoeng lilinggih
hing Gebang Ratoe kakadi
sineboet hing namanipoen
Djeng Arja Wirasoeta
tambak prawira matawis
sinoeng tjangkok djawa goenoeng Pagebangan

Lan Dramajoe kinén siba
hing gebang njangkoka maring
Djeng Pangéran Wirasoeta
doegija salami-lami
tjinarita hing goerit
Kandjeng Panembahan Ratoe
hing Tjarbon mangkoe redja
sasirnane Soenan Djati
angsal krama Poetri sing nagara Padjang

Poetrinipoen Sultan Padjang neggé ingkang akakasih
Ratoe Mas Goelamporaras
Praméswari Pakoengwati
Panembahan Pakoengwati
pon nenem hing poetranipoen
nenggé ingkang anama
Pangéran Sedangbalimbing
lan Pangéran Arja Kidoel kang laksana

Laksana andikep Matjan
dopoén kempit kadi koetjeng
lan malaje poetra Nata
ingkang kasebat hing nami
Pangéran Wiri negari
lan istri ingkang winalangan
Ratoe Ranamanggala
katela namaning laki
kranna ikoe Pangéran Ranamanggala
Poetraning Sedanggaroeda

Sendanggaroeda ikoc poetranning Pangéran Ageng kapoetran
hing Ratoe Adjoe Poetrining
Soenan Djati kang laki
Ratoebagoes Pasé waoe
kétang toenggal telerran
ping limané poetra Adji
Panembahan Ratoe kang wina jang hardja

Lininggihaken ning nama
Kandjeng Pangéran Dipati
Tjarbon ingkang Sédanggajam
mila lininggi Dipati
krana badé njoeloeri
Panembahan sirnanipoen
soepadoa takdirroellah
datan kenna hing ngowahi
énggal-énggal somala he Sédanggajam

Tilar poeta kali noenggal
ingkang istri Ratoe Poetri ingkang djaler Pangéran Poetra
ja ikoe kang gadang bédjing
njoeloeri salingga hing
héjang Panembahan Ratoe
doepi poetra pemekas
Panembahan Ratoe nenggi
istri Ratoc Singawaningjoen kang nama

Kinanti

Awit Panembahan Ratoe
hing Tjarbon anjanjoeloeri
wilayat joejoet soehoenan
martabati saking dingin
doek wangsitte Wali ingkang
nabda hing Ki Karawang betjik

Gewéneng wates lah ekoe sing Karawang ngoelon dadi
Ki Mas Banten amoeraha
sing Karawang ngétan dadi
Ki Mas Tjarbon Misésaha
poesakanning Radja Wali

Lah ikoe marmitanipoen
Panembahan Pakoengwati
soemoehoed datan langgana
hing Banteng mangkana oegi

Panembahan Soerasowan
tan sedja langganéng wisik
Ora kaja kapisandoeng
wong Mataram ngaroe kapti
koemoedoe sanoesa Djawa
kinén tiba hing Matawis
wong Tjarbon wong Banten ika
dén pardi hing saban warsi

Sésébaning para Ratoe
naban Moeloed ming Matawis
Soenan Mataram amboerak
pala karta Radja Wali
kang djeneng ratoe poenika
jén boten idin Matawis

Doepi Tjarbon sedja anoet
aséba dateng Matawis
éstoening manah soekoeran
tan mana lijan kang kahésti
anging Soenan Kalidjaga
kang ngahoebi hing Matawis

Mangkana pangidepipoen
Panembahan Pakoengwati
marmaning salamet lenggah
sirna ingkang girirosit
barkah hing manah soekoeran
Yang Widi kang andoeloeri

Doepi Banten datan hanoet
hing palakarta Matawis
atilan manah soekoeran
kadoega dipoen perangi
wadja bala sing Matarain
aprang ja hing Banten nagri

Lah ikoe marmitanipoen
Panembahan Banten lalis
kaétang séda hing rana
mila katela hing nami
Panembahan Sédangrana
doepi kang poetra loemari

Nani Pangéran Kanantoen
paladra loeanta chadji
maring Bettoéllah jaika
bésöek abaliké saking
Mekah noeli ngadeg Sultan
angsal idin saking Ngarbi

Doepi samangké atoempoer
hing Banten tan ana Adji
dwanten mali kang kotjap
hing nagara Banake ling
santriné ja Séck Lemabang
andabéni mana soelit

Sad jané angaroe biroe
maring Ratoe Pakoengwati
nenggéh ika kang paparab
Datoek pardoek soegi sakti
ategoe nala wikrama
sampoen satata dedemmit

Moelané sadja angaroe
doeméh Goeroenéa alalis
wong Tjarbon kang amradjaja, sedja mangké angajono
dénnja djadjal tanpa rowang ngediraken raga sakti

Héstoe tegor goemaloedoeng, tan nana bradja nedasi
pareng nalika samana
Panembahan Pangkoegwati
karsa ngoendjoeng hing Astana
Oepatjara dipoen wangking

Marapit miwah Panglondjoer
ikoe kantjarita kongsi
poepoe tjoeking oepatjara
woes ngantjik ana hing margi
bebeneran Wringin Djémbrak

Panembahan déréng midjil
ora ganti datoekbaroel
angadeg amalangkerik
angadangi Oepatjara
anéng tengah-tengan margi
gégéring kawoela bala
jén ana digdja ngranolohi

Siningkiraken tanpoeroen
ja si wong nadja ngajoni
patjek wesi malang dalan
wangkeng kadi toengga wesi
gégéring kawoela bala
jén ana digdja ngranolohi

Para kapetengan omjoeng
alok lamon nemoc kardi
soemrengging géger gentoeran
kapiarsa hing Sang Adji
apariksa ana apa
ing ngarep pating barigi

Kadjineman atoeripoen
wonten tijang malang moengkir
angngambengi lampah nata
siningkir tan narso ningkir
panteng djangget kadi tosan
wangkeng patjek wonten siti

Panembahan adan ngoeloeng
ngaken doeboeng woes tinampi
déning Loera Kapetengan
tan na dangoe ika noeli
doeboeng masih wawarangka
sinoedoekaken toemoeli

Hing djasmaniné Dato ekpardoen
mati ngadeg tanpa kanin
opjak lamon njata pedjah
dan tinampakaken aglis
Lebé Yoesoep kang kinarsa
amoelasaré kang majit

Panembahan loesita sampoen
dateng Astana lastari
akotjap ika koernapa
kinoeboer witaning margi
tan soewe diragenek ana
hing marga kadi doek oeni
datan ana bénennipoen
kalajan djaman Soesoenan

Jén noedjoe Rijaja ketjil
ana hing Masjid nagara
doepi hing Masjid Rijajagoengngé
ana hing Masjid Astana
Masjid Astana poenika
kantjoehé Ki Marbot Goesa

Lawan Ki Pangoeloe Karawis
doepin Kandjeng Panembahan
jén noedjoe woelan Sapar ré
sami boebar sebda ngetan
hing nagara Mataram
atjaos hing niplal Moeloed
ana hing Pradja Mataram
bada iplal noeli pamit
naban tahoen pan mangkana
narima soekoer hing Manon
datan ana kara-kara
rahajor hing ngagesang
lampah pangiwa lastantoen
tanem toewoeh pasawahan

apa sata Soenan Djati
mari winori-nori hing lampah
wong sasawah sakareppé
tan dén pardi hing padjegnya
mangko salamet ardja
panén pada atoer-atoer
samoeloeng-moeloenging bala

Wong babakti tan dén pardi
dén oembarena hing bala
opra dén petel magawé
saeling-élinging bala
kang pada toer dén poepoe
wong dagang ora dén beja

Sakerep-karep ping ngalit
jén gegel maring bandara
ora dén pardi akéhé
ora na dangdan dadalan
dangdan kali tan ana
koeta Tjarbon masin kempoet
pangrengganing Sultan Demak

Kandeling koeta kadoegi
kena dén go djadja raunan
ngerap hing loehoer koetané
sakéteng hing Djagabajan
madep maring Astana
ingkang joejoet Djeng Sinoehoen
doepi pintoe Kasoenéjan

Ika ingkang angadepi
maring Moendoe Djeng Pangéran
Sédanglaot Astanané
boborottan koelon troessan
kang maring Kalidjaga

Pamalatén Gréndjéng Hetook
Ki Gedéng Kagok santana

Wétan lor boborattan ning
wong dagang paraoe teka
sakamja-kamja lakoené
doeroeng ana tjoeké béja
kang aran wong mardika
tan ana pinarding Ratoe
moeng sakoloeré prijangga

Amoeng ingkang aran abdi
pangoenoengan dippoén tata
saban tahoén pakemitté
saban tahoén bakti nira
tan dén pasti agengnya
anging sakawasanipoen
istoe Ratoe adil loellah

Wawatekking Raja Wali
ora métting pangasillan
apa satekané déwék
dagang maning jén ijaha
djadjaloeck lagi ora
ammoeng kang dén nroeroe-roeroe
babakti maring Yang Soekma

Loemoe sisip pasa mending
tobatté langkoeng nasocka
sarta lawan bratapané
atiwa-tiwa kang Ejang
Soesoenan Walijoellah
Kandjeng Panembahan Ratoe
reman ning Karamattoellah

Boja karsa nalikoerri
hing rérékan Padaleman
ja soté mageng kadaton
lan amengkoe oepatjara
pangrengganing koela wad ja
sing Padjadjaran goemoeloeng

Saking Sabrang koenta wiri
angoerip-oerip wong Djawa
Tjarbon kang tembé mrintissé
lami-lami saja hardja
lakoening kaoerippaan
sakadar-kadar ing rikoe
djoemeneng kang panagara

Pangkoer

Melar kreta hing pakoed jan
pagoenoengan para Koewoe kabé ngabdi
katiti amatting Ratoe doepi Dalem Koeningenan
waktoe ikoe amogollé maring Ratoe
tan karsa lamon ngabdija sedja angratoe pribadi

Anggepé djalma Koeningangan
ija sotéh maoe doek Soenan Djati
kita séba maring Goeroe
doedoe séba ngawoela
doepi iki pan woes sirna
Boeroe misoen apa gawé kita séba
ming Tjarbon dén tita ngabdi

Kawarta dateng pakoedjan
wong Koeningen mangkana kang pamili
adan pinotoessan goepoeh
Kjai Pati Roedamada
kang kinarsa mitoertoer rana oedjar kang aloes

ting sirnaning Pandjadjaran
sapa ingkang anjo eloerri

Kon idep jén Tjarbon ingkang
dadaí soeloer hing pakoewan saiki
pijambéké koedoe manoet
kartaning wong pakoed jan
ja ta Pati Roerdamada hintar sampoen
doemoegi datang Koeniningngan
dawoehaken timbalan Hadji

Doepi sahoering Kadjenar
Padjadjaran sampoen merad alalis
tan wonten pitoengkasipoen
lampahing Karadjahan
angadjawi idep kita wong ngaroeroe
samangke Goeroe wis asirna
apané kang dén bakténni

Dan ki Pati Roedamada
bébét Pandjoenan tan kena mjarsa angling
pedes swara noelja timboel
ing ngadji dadak sara
menjat ngandak-njandak Arja Koeninnangan dén doebroek
ora kajane Ki Arja washita hing soerawéri

Anjebrak lan djlan soetra
temah loempoeh Roedamada goemoeling
woes pinandjara sadaloe
pandjarané wis kalapa
doepi daloe dén wengkang poenang galoege
Roedamada bisa meddal
sadja nigas djangganéki

Arja Kamoe ning tan kaja
djaka soetra hing loehoer angahoebi

kang poesakané wong rikoe
dad ja ingkang anendra
djroning djala moesna datan kadoeloe
da ja Pati Rodamada
atoer oening maring Goesto

Wangsoel hing Tjarbon asigra
matoer atra saoela djantra oening
noenten Panembahan Ratoe
matoes Pangeloenira
Ki Peki Abdollah sigra loemakoe
pon lampah mangkana oega
tjampolé tan angsal kardi

Sampoening kad ja mangkana
Panembahan karsa mijambeki
kali tetekeng loemakoe
mangking roeroekoe loemampah
riri djati panakawan pada noesoel
keras tangginas loemadjar prandéné boja noetoetti

Hebatting kawoela bala
dening Goesti woes katemoe alinggih kalijan Ki Arja ikoe
pareng dedel wigoena
Panembahan malempat andjong dén boeroe
sigra tinawoeran djala
malempat boemi agondjing

Ki Arja kadjengkang-djengkang
bawanipoen kang boemi agoendjing
djalanipoen dén tawoer
Panembahan malepat
doepi ngidek boenni miring dad ja ikoe
kadjronkong kroengkeb Ki Arja
pamawaning boemi miring

Singa boemi kang kédékkan
tapakkipoen Goesti ing Pakoengwati
koedoe baé miring noengkoel
djala soetra tan goena
ngalor ngidoel tawoering djala aloesoet
kasele kadjengkang-djengkang
kroengkebbé kang andjalami

Digoelon ngétan akiteran
dangoe dangoe djala mretet amrotolli
sareng kang djala wis rempoek
Arja Kamoening nembah
Inggih sampéjan njata soeloering Ratoe
dépé malele Pandita
kang amoerba awak aking

Koering gegebal sampéjan
pan soemoekoed sembah ngabdi lahir batin
samprakawis tereh Goeroe inggih njata Wali Radja
doewa prakara djala soetra inggi poepoes
lah ikoe marganing dadja
Koeningen idep angabdi

Papak ro dja Panembahan
kang amindo soehoed pawisik
doepi Talaga kahésroe
tapakkenné Soehoenan
Kapetakan pon dapakke Sinoehoen
Sindangkasih ija toenggal
Ki Gedéng Soesoekan kalih

Gedéng Tegalgoel toenggal
toenggal idin saking Soehoenan Djati
doepi ika Radja Galoeh
saéstoe toenggalira

Gedéng Soero miwah poenikoe Andjoem Nyai Gedéng
Pangoeragan
pon idin Soenan Djati

Sakatiking Tapakkira
ikoe abdi amattira Narpati
kang kamilik soempahipoen
jén laga wa asoempah
Ratoe ikoe abdi amat ija ikoe
miloe wilalatting soempah
hing ardjanning miloe moekti

Kongang lamoni dén nedolla
hing Goestiné sakarsané aniti
lawan kongang dipoen roengroem
déning pagoesténnira
kang lelengan tanpa soma
poenika taliti

“Loenta hing satedak tedak
dating Ratoe pasti amaris
angadjaba lamon sampoen
dén pardika kaken nita
tjatja wadon laloerining ngamat ikoe
peonggel lamin abdi lanang
rabi mardika kang jakti”

Midjil

“Ya warnanen adjenggering Pakoengwatti
dennja raton-raton
ja hing Docnja koe wis adatté
koedoe warna-warna koemilip
ika Kjai Pali
teka mikir sentoeng

Waktoe békét Sabrang tansa mikir
manah ngilo-ngilo
Ratoe Sabrang pada dagang kabéh
doepi Goesti kita ing riki
korap-koroe ridjiki
adan sigra matoer

Dateng Panembahan prajogi jén mangkin
prajogi samangko
kawoela ngintar
ken padagang gedé
badi toeloeng gessang hing Adji
atilad tatanggi
sabrang loemrah Ratoe

Sam oli padagang ing mangkén
ngriki dagang oewos
njabrangaken oewos sagedéné
agoeng ridjiki angelar bati
Panembahan Adji
dad ja sira goep poeh

Beras hing wong Tjarbon dén epaki
karoengé wis awon
kampil beras andjalana héhé
woes andamping pinggir kikisik
kawarna jén jaktipadaganging Ratoe

“Nama Palidada woessing dadi
baita tjoe mahosora kaja ikoe ana kékéré
tjadong-tjadong batok sawidji
basané jén ngemmiskanggo amoemoeloek

Ki Palidada sahoernja ambengis
hé si di lolotjokberas oewis aneng karoeng genahé

ana adat jén di dodol maning
kékéré pon masimaredeng andjaloek

Ki Palidada séwot toemoeli sedjané anabok
dadi kerdjeng tanggané tan soewé
sadjá djedjek soekoené doemadi
n gingkrang datang kénging
moedoén ika waoe

Palidada andjrit dén toeloengi
moeliji dén gotong-katoer sira Panembahan priksané
kékéréhé ana hing ngendi
lan roepané maning
kajapa roepané ikoe

Ja ta matoer ingkang pinariksani
kéré belang kokop
soekoe tangan sami belang kabéh
Panembahan angandika riri
la iki Ki Pali
gotongan dén goepoeh

Tekakena maring lépéndjagi
kon tobát kon panor
lan gawaha bras ingkang akéh
sapoeloe karoeng babakti mami
jata abdi-abditandang goepoeh-goepoeh

“Ki Pali dén gotong aglis
sarta lawan oewos
ja sapoeioe karoeng woes mintar kabéh
andjoedjoeg maring Lépéndjagi
mring sang meha jakti
Wikoe Wali Agoeng

Ki Palidada tobat anangis
noehoen gesang ingong
kang pinoedji aris wansoelanne
ija sira soen appoerani
sareng sabda Wali
ingkang kadja ikoe

Adan waras Palidada kadi
doek maoe dad ja nor
soehoen sembah lan pangabektiné
wos sapoelo karoeng binakti
Sang Wali mangsoeli
hing prakara ikoe

Beras pirangrang sira gotongi
maring arsaningngongsad ja nira gawé apa mréné
Palidada nembah lingnja ris
ingga poenika bakti
nipoen Goesti Paraboe

Kandjeng Panembahan ing Pakoengwati
kang katoer samangko
dateng pandoeka Pandita Gedé
barkah sampéjan ingkang kapoendi
moengginja panganti
lahir batosipoen

Sang Wikoe angandika aris
lah ikoe hing mangko
soen tarimah hing kabetjikanné
Goesti nira ananging saiki
gotonganana balik
berar ira ikoe

Soenning kéné boja anambrih
kang para samono

mangsa kaja Goesto moemrené
noeli sadja drawaka hing ngati
doepi isoen beli
jasotéh hing waoe

Ngemis beras moeng sabatok tjilik
go tatambah lajop
ora isoen ngarah akéh-akéh
ja wis pada gawanana balik
ja ta ganti-ganti
kang sinab dan wangsoel

Pan woes katoer hing Panembahan Adji
ja ta djeng Sang Kotong
andaringngengdangoe kandikané
atema aning kana angking
ja wis prakaraning
dagang ikoe wo eroeng

Adja sida woeroeng ngena gelas
kita anéng Tjarbon
ora kena dagang goena gawé
ija ikoe ingkang dadi wangsit
éjang Soenan Kali
adja salah tanggoeh

Mangsanaha Wali ingkang nisip
mangsanaha goro
mangsa pitna sabarang gawéné
ja ta palidada toemoeli
moeroengaken kardi
beras dipoen oedoeng

Kampil ingkang anéng pinggir kikisk
dén noessoeng dén dodol
dén balaboeraken hing balané kabéh

kawalatran sagoenging mantri
sami asoeka ti
hing sihé Sang Praboe

Para Boejoen samja naksénni
kén anak poetoe Tjarbon
tan kongan dagang wangsit loelohoerré
ja loelohoer Sang Radja Wali
koemoedoe sadjati
ana rimah soekoer

Doerma

Koe hardjaning Tjarbon watek Ratoe Olijah
tandah hing sawengi-wengi
hing Masjid sowara hing tilawat parnoedjinja
goemoeroe swaraning poedji
kala samana Masjid Hagoeng noenggéling

Doeroeng ana émpéré angéri nganan
moera ngarep lan woeri
masi wates koeta
mawi pataka hardja
paroenggoe sarta alanrjip
apa kaja dat
hing pataka hing Masjid

Ora kaja jadéng prang sakking Mataram
kang nama Ki Gedéng Enis
naban tigang warsa
kinarsa langlang djagat
kinarsa mamariksani
maring Neléndra kang kabawa Matawis

Pinariksa banggi wonten doerga baja
koelilip njalawadi

biliana Radja
bala Radja kang lirwa
maring poerbaning Matawis
kala samana
ika Ki Gedéng Enis

Doek pariksa hing Tjarbon amanggi hardja
sardjoening poedji Masjid
hing daloe kawangwang
déné teka bargamma
hing Tjarbon ngoendak-koendaki
inggih mangkénja
djoemeneng koetoeb maning

Anoeroenni Sang Djati soen tjatjak tjoba
ja ta hing mangsawengi
Gadéng Enis maréndah
andalahi koe baroewang
hing loehoer pataka Masjid
jén mangko tawa
lah jén njata Koetoeb maning

Panakawan datan langgana hing karsa
kalajan lampah demit
tan nana oeninga
doerga andala baroewang
ja ta abdi sami
sapa ngakoebba hing Masjid panas atis

Dad ja boebar tan nana poeroen ngahoeba
sirep kang samimoedji
Gedéng Enis njana
jén doedoei Koetoeb Hingjang
Gedéng Enis woes lastari
lampanja késah andjadja panagari

Ora kaja hing Tjarbon sanget sangsaja
Masjid dipoen tan kénging
dipoen génni salat
Djeng Panembahan soesah
popojan datang Djeng njai
Panggalangalang
istri goena wit oerip
Adam ika Nji Tegal pangalangalang
nabda la ija iki
gawéné wong toewa
do emadak masi ana
Nini-nini kari sidji
Djeng Panembahan
woes katingal broewang mandi
Ja ana hing pataka Masjid katingal
sabda Yang Nini-nini
oedjarisoen apa
la ika si banyjana éndah si Nyai ngabili
wong wis toewa
ora owel jén mati

Panembahan kang ngawas waoe toemingga
saking djabaning Masjid
adja méloe hebang
si Nyai mengko kebang
mandjing hing djara Masigit

Djeng Panembahan ngandika ija betjik
Pan si Nyai manjingnga Masjid pujangga
manira kang néng djawi
ngawasakon broewang
kang ana ing pataka
mangkana énggal Djeng Njai
Pangalangalang
loemebet asoesoetji

Banjoe woeloe andoetjékaken salira
saking chadas sing djisim
sampoen sinampoerna
ingkang soesotji badan
noenten malebet toemoeli
wonten ning Bangsal

Masjid Agoeng asoetji
Abrebresik kang nama tindja kaliwat
hing tindja ingkang kari
moenggoeh kang babasan
manoek maboer kang sarta
koeroengan orana kari
hing tengah-tengah
hing Masjidid dénnja noentji

Pan aseroe swaranéi ingkang adan
asroeh amemelingi
ambeledoeg awijat
pamrasané kang meningi
ingkang kawengan
swarané ikoe Djeng Njai

Pareng andjit kang swara moentjlakki broewang
kang néng pataka Masjidid
mesat hing gagana
soememboer hing ngawijat
moeksa ilang ingkang mandi
sirna sampoerna
waloeka kadi oeni

Katjarita baro ewang ingkang soemebar
moemerep pada mandjing
maring Gouwa Oepas
Goewa Dalem ika toenggal
bangsa mandi lamon lalis ja makoepoellan
maring sarwaning mandi

Ora kaja Nyi Tegal pangalangalang
pareng masatting mandi
oepas mangambara
amblessi Nyai Tegal
maring boeni tengah Masjid
tanpa karana
saroepa mérod lalis

Woes asirna sing doennja sampoen apinda
maring kaanan latip
teges kang babasan
ora mati kewala
salin nagara kang latip
Djeng Panembahan
andarengen hing kapti

Toemon waoe sirnané Pangalangalang
Nyi Dalem Pakoengwati
déning si wanod ja
sina tata Olijá
roemasoek badan rokani
oraga soekma
karoé-roé istri letjih

Magantroe

Milanipoen kaoeni
hing poengkoeripoen
koeboeré Nji Pangkoewati
ana hing Maigit Agoeng
doedoe kaeboer kaja pranti
jaktiné poenika enggon

Enggon sirna moenggoe pameraddanipoen
rong prakara dénnja éling

ila-ila doek Sinoehoen
ngoekeoen Séck Lemabang dingin
jwanten oepata kamanton

Ika jén wis tedak sanga anak poetoe
kaselang hing boedi wani
kebo boelé timboek rajoe
teloeng prakarané maning
émoet doek dingin wirahos

Wirahossé Soenan Kalidjaga moewoes déning ko barinng
Masjid
hing sapoengkoeré Sinoehoen
kaja-kaja amenangi
Panembahan doek migatos

Patang prakara lamon wissa ingkang maoe
ja bok anaha mali
pantar ingkang kaja ikoc noeli sapa kang noelangi
réh si Njai sampoen maot

Ya wis ora nana ingkang dadi toenggoel
toembali wong Pakoengwati
tjassé Panembahan Ratoe
Goesti Allah ngawikanni hing karsané Ratoe Tjarbon

Lami-lami ana soemoeloer arawoeh
madja Djeng Wali pawéstri
Nji Gedé Pantjoerran rawoeh
poetra nipoen Soenan Telgading
ngoembara rawoe hing Tjarbon

Pan Kalangoeng minoeli salenggahipoen
déning Ratoe Pakoengwati
Kandjeng Panembahan Ratoe
angabekti poedji bakti
doemateng Djeng istri kahot

Dening Nji Gedé Pantjoeran sepoeh
toer lampah Wali singgi
tereh hing Wali kang makboel
salamming linggih wasi
hing pradja datan na enggon

Moela-moela anéng Toeban hing dalemipoen
hing Dépok kang dén wastani
Pantjoeran pramilanipoen
katelah nama Djeng Njai
Gedéng Pantjoeran hing kono

Noenten pinda hing Djapara kang sineboet
Dépoké karangkamoening
lami-lami pinda nipoen
hing Madoera milakonni
Nji Gedéng Sampang Boja roro

Noelja pinda ing kadonga pinggir laoet
mila katela kang nami
Gedéng Kadjongan kang lihoe noenten ngoembara ana hing
Pakoengwati namanning gon

Minoelja-moelja déning Panembahan Ratoe
hing ngangken toembal sadjati
soesocloeré kang woes lampoes
mila dipoen woeri-woeri
kinarja toembaling Tjarbon

Sapoetrané sami dadalem hing rikoe
karang ingkang dén wastani
Karang Pasardawa hoeloe
djaba koeta lor kang nami
Karanggetas gatining wong

Dipoen kardja ing panah kang dadi langoen
dénings ratoe Pakoengwati
marmaning kadja poenikoe
tenganné hing Tjarbon dadi
kalilip bantjana wadon

Ija ikoe kang nama Nji Gedéng Dempoel
santana Pandjoenan dingin
kang sedja bantjana iboer
ngiboyer-riboer satedakking
Radja Wali anéng Tjarbon

Pan sedjane pjmabek kon njelang Ratoe
hing nagara Pakoengwati
doeméh Tjarbon moela toewoeh
Pandjoenan kang sedja ngapti
kenang apa hing sedjén wong

Mila nipoen Nji Gedéng Dempoel
ja angaroe anak poetoe dén niroetti
sedja araraton akoempoele
hing désa Bakoeung prawani
adir-radir kang balo wong

Saoli-oli wong tatanggané akoempoele babarissab
sawatiwisoemboel-oemboel waring moentjol
ngiroepi bala winoeri
gégér gentoer ing wong Tjarbon

Ja Ki Pati hing Tjarbon kalangkoeng rengoe
réh ika kang dadi Pati
ing waktoe samono ikoe
Pati Roedamada sakti
dados ban nemban ning Ratoe Panembahan Pakoengwati
mila rengoe hing borondjot

Bébét Pandjoenan maoe Nji Gedéng Dempoel
tjoepnak andeng-andeng iki
pramila Ki Pati maoe
woes linggar angloeroeg maring
Bakoeng gogombol dén tindjo

Pan dén tindjo njata orana dinemoe
pansamja boebar njingkir
ming alas Djoenti anglaroet
doepi ikoe dén loeroegi
hing Djoentí tinemoe kosong

“Lintjak-lintjak bala Doempoel génnja laroet
raraton ika ana hing
Kandangoer doepi krongoe
déning Pati Pakoengwati
Roedamada dan tinindjo

Ika maring Kangdangoer pantinemoe soewoeng
tegané pada babalik
hing Oedjoeng tana la ikoe
pada parangsawatawi
tan dangoe pada amboros

Ladrang

Génnja boebar angili pada aningid
hing goewa-goewa
sakedap akempel maning
jen koerang sangoe ikoe pada bébéghah

Singa gampang katoengkoel ikoe dén ambil
angraraja dadi gégrétep wiring
ja hing Tjarbon pada ngili aké njipar

Singlar saking prenahé angoengsi poeri
ja hing Tjarbon koeta Tjarbon masih kikib
Ratoe Tjarbon kang hing ngoengsi hing ngaoebban

Pati Roedamada miyah Mantri-mantri
amantjalang
lie amboeroeh kidang kantjil
akéh kena kang kari masih akatah

Ingkang kena woes dén asrahaken maring
Ki Katandan
kinén lamong kang rawati
hing pandjara sineboet gonning pandjara

Doeroeng ana bémenté doeroeng ana boei
doek samana
pan doeroeng ana Walandi
moeng sineboét kang njekel kanda wariga

Padjaksané hing Kadjaksan pan alinggih poetoe nira
Ki Roedamada kang nami
Djaksa Soemirat kang andarma watjana

Djan poerwaning désa Kadjaksan sajakti
poetra wajah
Pandjoenan Tjaroeban kali
poetra wajah Ki Arja Menger Kadjaksan

Arja Menger kakangé maoe Djeng Nyai
Nji Pangalang
ika ingkang woes sirna lalis
Arja menger koe ramane Pangéran

Ja Pangéran Palalanon koe tjoewan
ja kasilib
akéh njana

jén Palangon sinenggi
lamon ikoe oegjan Pangéran Pandjoenan

Kalesanjata Palalangon kang sajakti
wong Kadjaksan
ingkang doewe toenggal djati
krana Pangéran Palalangon ikoe njata

Ya poetraning Pangéran ingkang nami
Arja Menger
doepi doenané kang asri
Pangngéran Pandjoenan kardi pakirnan

Wringin pitoe kang linanggawan ningsih
doekan emah
kasosetapan banting diri
doepi soemla mantoek Ardi Amparan

Dan warnanen wargané ija Nji Dempoel
ingkang masih
wangoen géger hing nagari
saja dangoe saja katah amarambah

Kotjap kena sapoeloe mangka ngoentjoeli
séwoé manoesa
kena satoes ammontjoeli
séwoe mana wesa dadi djalma pan sadéla

Endas merang tinoegel ika anoeli
dan sinebar
dadi bala woes berketi
kawalahhen polahé Ki Roedamada

Dadja matoer popojan hing Kandjeng Goesti
Panembahan amit asih ahoebbing
Nini-nini maoe Njai Gedéng Pantjoerran

Kang dadalem
hing Pasar dawa anenggi
angandika
Nji Gedéng Pantjoeran aris
poetoe nisoen dén pratjaja ing Allah

Ja si Njai mengko kang maksénni sidik
sapa-sapa
tawelak maring Yang Widi
tangtoe hing mengko ana kisabbing Allatangalah

Adja soesah dén loeroenggi dén perangi
ila-ila
hing Tjarbon perangnga dadi temahanné ora-oeroe tanboe hing
sedja

Hing sandengé wong Tjarbon perang tan dadi
mangsa sida woes ila-ila hing wali
moeng salelebon hing bodo ngalatak

Amantangoeb karocwan kang dén oengsi
titénana
embok si Njai akitib
déning anak poetoe sing amenangana

Menangana perangé wong Pakoengwati
doegi bindjang
teka maring djaman akir
jén mengkono baé jén perang pratjoenna

Ja ta marem Panembahan ingkang pikir
moewa ika
Ki Roedamada Pati
samja sedja pratjaja ming Nji Pantjoeran

Samja étja-étja hing ajro poeri
ora lawas
bala Dempoel soegi wani
sedja bedah koeta Tjarbon dén djoedjoega

Ambel soera diksoera pating padigdig
edir pada atimboel bodjana koelit
soegi barris ikoe kang bala tjitjip tan

Mila angka soemedja angaroboki
pareng praptahing marga bebaneran ning
sokalila Karanggetan kasasmata

kang pangaroe kang bala tjitjiptan sami
poeli merang
sakéng bradja wesi sami
getas marepel éstoening tanpa agoena

Ingkang bojoe lesoe kadi dén lolossi
angganira
lirén gelar anang siti
adan tandang Ki Roedamada sawaktja

Bala Dempoel prasani dipoen keriggi ming ngajeonan kinén
tobatta
prasami
sira ikoe adja ilok gawé dora

Maring Ratoe lah ikoc marganing dadi
soeka lila
atining wong kang anjilib
sirna poerna tan nana doerha rantjana

Njata sidik ikoc pangandikané Djeng Njai
Nji Pantjoeran
karoeroehé moelja djati
toeroen Ratoe hing Wali Dempoel doerijat

Gadéng Dempoel hing ngapoera hing djati
sami boebar
mantoek maring prenah lami
datan arsa soelaja kersaning Nata

Ja wis teng tren orana kaoena-oeni sirna baja
doerbala ngaoebing Wali
Wali Tjarbon ingkang woes polipoering

Poetjoeng

Wantoe-wantoe hing ngagesang koedoe nemoe ingkang
kasoesahanganta
sapira lawasé patang poeloe woloe tahoen ikoe ana

Tjotjobaning pekir hangoela kaoem Masjid Agoeng
kobarpoentjaki
ingkang katoenan
geni saking sabrang kidoel sing walaha

Gégér kaoem pan samja rineboet-reboet
Ki Lebé Doelman
tandang ngoendjoekaken kotjor
Marbot Kamdjah sabatoeré ngerab toja

Modin Hoesoep sabateori pada nawoer
aken lemah ika mambrih ming geni matiné
pan katoejoeng para Lebé sing padédésan

Pancembahan doemoloer ika saredjo
jén kawangoen limas
mengkamewahan émpéré
sakoebengi dadi seoraminira

lan pintoené kamewahan bata mempoer
kinanea kang moengal
lan mali paimammancé
pan ginatra doendjoeng hadi tanpa talaga

Miwah djadjantoeng tanpa pisang ingkang moengoep
daraponna dadja
hing ngadining sasangkalanné
Bata moengal-mangil-mangoekkang sasmita

Ja woes djengger poeli saja woe-woe abagoes
loentané alampah
kawoeri-woeri djatiné
tapakipe en para Wali kang sasanga

Menocri woeri déning anak poetoe
ardjaning pakoed jan
tilassé hing loelohoeré
ingkang sampoen sirna sampoerna soekasma

Bab hing séséban ming Mataram maski lakoe
majeng naban warsa
naban moeroed pan sakéhé
para ratoe Noesa Djawa hing Mataram

Pan mangkana adatté hing naban tahoén
salamining gessang
ora nana hing tjoetaké soemambah karah adjan hing Mataram

Pramilané hing Tjarbon toehoe rahajoe
krana toemarimah
manah sockoer sagedéné
béda Banten kaselang toempoer sakada

Sabab kirang hing manah soekoeran nipoen
Ja wiai waspada ngisab hing napsoe samini
sapa soekoer winales goena waloeja

Sapa koerang soekoeré winales toempoës ora ana lijan metoe
sing ngawakée déwék
Goesti Allah pan ora anganihaja

Sahalamé djenneng Panembahan Ratoe
séba ming Mataram
oran nana aroeng anané
moeloës moedjoer kang basa prasetja waktja

Soenan Mataram pon tan nana ngaroe biroe
dénnya nganggep anak
Mas Tjarbon labda karjané
hing Mataram katarima djar samadja

ra koerang ora loewih dénnja ngoeloen
mila katarina
doemadi ing salameté
satoewoehi anak Mas
Tjarbon rahardja

Sakarsané sabarangé kang winangoen
boetn nana tilar
Soenan Mataram rempagi
mangkana kang dadi salametting lampah

moenggoë Yang Widi karsané
singnga asta lahir batin tan bédá

Dangdanggoela

Awon déning kang rinembang njoeloerri
Panembahan noeikoe kang wajah
kang woes kaseboet namané
Pangéran poëtra Soenoe
poetranipoon Pangéran Dipati
ingkang Sédanggajam

ingkang dén angkat loenggoeh
dénings Soehoenan Mataram
krana waktoe samono ngadegging Ngadji
koedoe saking Mataram

Ingkang ngadegaken lilinggih Hadji
Hadjir Mataram ingkang anama
Pakoenagara djénengé
ingkang ngistrém Ratoe
Tjarbon ingkang nama winoeri
Panembahan Girilaja
kang mangké toemoewoh
sinakoli mangkoe redja
pon katiti sébané dateng Matawis
kadi kang sampoen séda

Papatijé Panembahan mangkin
kang anama Ki Pati Soeminingrat
ja ikoe éstoe poetrané
Ki Roedamada maoe
winoeri-noeri ing Toenggaksemi
moelané pinarabban
Seminingrat waoe
ramaning Djaksa Soemirat
toenggal brondjot Pandjoenan ingkang gagandi
hing linggihé Sang Nata

Ya Sang nata anjar hing pakoengwati
Pangoeloené nama Ki Djalila
ingkang magen bargamané
wakil toelaking Ratoe
anéng Tjarbon nata gami
poesakaning Walijoellah
maring anak poetoe
hing Tjarbon nagara djimat
atoembaling noesadjawa kendoeng kikib
koeta Tjarbon waloeja

Waktoe ikoe ja mati akikib
koeta Tjarbon masi narodja
adi toewoe sakoebengé
tan ana doerga ngaroe
kad ja gelaré kang roemihin
djawa Goenoeng kaporba
katiti angeloen
sinakolo tiwa-tiwa
agara goeng hing Mataram pon anglilam
ing Tjarbon jén gawéja

Andel-andel sinarodja Pati
Seminingrat lan Djakasoemirat
kanti Tanda warigané
miwa kang naminipoen
Kjai Kandoeroewan pan toenggil
baranggo ating Pandjoenan
wandoedaji nipoen
mangka taliti Koeningan”
Arja Salingsingan kang pinangka dadi
andjeneng pandelegan

Doepi ingkang dadi Tandamoei ikoe brandjotting karangkendal
Ki Goesti parna poetoené
kang dadi mantoenipoen
Gedéng Kadokkan Abdoelkapi
Abdoelkapi kang sadja
dingin mantoenipoen
Ki Pati Keling doek koena
pan karoeroe wong betjik ngoepadéni Hadji
pramila winoeri lenggah

Awon déning ingkang hing angken linggih
Arja Djagasatre ja ika
Dipati Oekoer kang nganém
toer dadi marasepoeh

krana Poetri Oekoer kang nami
Djeng Njai Mas Kirana
dén garwa poenikoe
déning Kandjeng Panembahan
mala mijoseaken poetra kakali
Pangéran Anom kang séda

Lan malijé Pangéran Masa Pakoengwati
ana déné garwa Panembahan
kang soewanenggé asallé
saking Sabrang kang metoe
saking panagara Soerati
nami Nji Rara Kretta
ingkang amoerwa doesoen
nama désa Karangdawa
mala Njai Rara Kretta amoetraní
Pangéran Sepoehadja

Mangkana Panembahan Geri nenggi
agoeng poetrané
ingkang éstoe Radja Soenoe

sami kasoekan karamat
boja kéngin dén nina hing sapadaning
toewoe atenna walat

Ya moelané karoeroe dési nadjén
adja dja maning jén toemekaha
lagi nijat ora beé
saking pangaroe laroet
ja Sinoehoen ingkang angahiebbi
hardjaning kapoerata
hing sawaktoe ikoe
djar si nembé tidak lima
kaja-kaja samono mangké moerakking
adéning koeta redja

Sinom

Panembahan Girilaja ang Raroe hing Pakoengwati
pranata mati adilad
alam Panembahan lalis
masi apambek Wali
tanpa drawaka hing napsoe
ora boedi soedagar pramila masi asepi
doeroeng ana tjina lawan Walanda

Masi sakadar wong Djawa
wong Soenda wong sabrang pekir
wong Arab lakoe Mandita
agama ingkang dén goegoni
kang minoelka hing ngoerip
prakara agama Rasoel
ora ngadjéni doenja
dagang soedagar kakéri
kang ketengen lakoening agama Allah
Halaman 123 tidak ada

krana ikoe kakkoellah
toenggal oelam ning djaladri
amoepoewa béja maning lajén karsaha

Ora nana poepoen pasar
ora nana padjeg oerip sotéh wong pagoenoengan
saking karepé pribadi
babakti hing Goesti
tan pinardi hing Sang Ratoe
lan ora winatessan
woes apa doedoéné titi
ning sedekah sakarep-karep prijangga

Mangkana maning kang bala
sakarep-karepé ngabi

ngadjéni bandaranira
bab dén pardi éstoe betan ana dangdan margi
doedoek kali wong saking goenoeng
toemoeroen bakti karja
lan sasoekané pribadi
toemandangé tan dén priyat déning Radja

Kadi lakoening sideka gentoeran
ingkang bakti
anglangkoengi saking priyat
génnja pada angadjéni
hing Goestiné prasami
angraksa salinggahipoen
loemoe jén kasorama
déning sapantaré ngabdi
balandjané sadina tjitjik barcket

Masi loemampa banadja
ingkang dén arani pitjis
timah tipis bolong tengah
awawi dipoen soendoeki
ritjik teka satitik
poesaka Kandjeng Sinoehoen
sidji roroné ana
wong tembaga gagawaning
wong dagang sing kasabrangai
masi sarwaning samending
wong Tjarbon mapan masi
langka gedong oemahipoen
naramba oemah djawa pajon sirap pajon welit
doeroeng ana wong tjilik koeta karang

Masi kikis lawan dadangadjaba koentaning Hadji
koeta Tjarbon pan waloeja
sakoebengi doeroeng rigrig
poesaka Soenan Djati

Pangéran Pandjoenan waoe
hing prakaraming karta
moeng dén wates ambrikoetti
toeroen lima noeli dén tema anggar

Déning karsané prijangga
asédjén senggé sédjén sipta
kaligané ikoe béndjing
anak poetoe prasami
anjajanak maring satroe
sanake temen ningkang
prasami dén pitamboeho
pamawané wong kopentjoet daaring doenja

Pada demen malar barang
kang ora langgeng kamilik
temahé adadi oepas
anaepes hardjanning Hadji
béda doek djaman dingin
oengkara Kandjeng Sinoehoen
ora amalar doenja
nanging doenjané angrobi
ridjekené sing doenja rawoeh ngakerat

Panembahan Girilaja
woes sipta ana kang marik
kagoengan nijat kadoenjan
nanging tan anglaksanani
pannasi koendalining koetoeb
prawantoening woes katah
tatamoe kang dédé Wali
sabotenné angngoekad ding kaénakan

Poetra garwa saking soenda
hing karsananne mambrih soegi
asipta hing kabangkaran

poetra warga sing soerat
adat sabrang aja mambrih
Soedagar padagang laoet
njoeng njeng sagongeng koeia
Wangsadipa Wangsakarti
dén nja anggelar sadja abranga sinang

Ya si wantoe Panembahan
sarosané wong sawidji
apa maning woes abenggang
kalawan sobawa Wali
membering-membering meminggir
kagoemmrис benaning lakoe
lan Panembahan Awal
doepi Panembahan mangkin sabawang soemilir hardjaning kiwa

Kinanti

Hing waktoe samono ikoekoesonya Banten kang dingin
mralaloe kisahming Ngarab
nani Sangéren Kanari
mingga chadji sina kangsal
idinné Radja hing Ngarbi

Sultan Mekah paring wachjoe
lamon Pangéran Kanari
la jén djoemenenga Sultan
ana hing Banten nagari
serta sinoenggan Radoekan
Poesakané nabi Brahim

Pramila samantoekipoen
ika Pangéran Kanari
meperkkaken koela warga
ngistréni angangkat diri
Pjambéké djoemeneng Sultan
ana hing Banten Nagari

Tan kaja Mataram rengngoe
ora narima hing djawi
jén ana annana Sultan
kang sanés saking Matawis dad ja rika maloereoeganm
sedja ngimpers Banten Adji

Wong Banten degeng hing woeroek
doega prang salami-lami
Banten lajan Mataram
lawas-lawas ika noeli
ana panjapi Walanda
kang nama Kapitan Moergil

Ingkang bisa ngoeroes-hoeroes
wong perang doemadi mari
sabab Banten dén parijat
déng Morgil kinén njahisi
petoegoer anéng Mataramnaban taoen ganti-ganti

Drapon toelesa angratoe
adja na sawidji-widji
doeppi Mataram dén priyat
kiné narimah doemadi
Sultan ning bala Sultan
banten njaossi pakemit

La ikoe marganing oeroes
Banten kalajan Matawis
ora kaja woesing kreta
walanda minta oepahing
angarta prang neda kongang
adodok anéng Batawi

Soenan Mataram doemoeloer
Soeltan Banteng angrempoegi

lah ikoe awitting ana
Walanda anéng Batawi
pan dén nidep toewa-toewa
déning para Ratoe Djawi

Lan djoemeneng Goepenoer ikoe
amoeponi hing Batawi
lir kamandi soemelap
Ratoe Djawa doeroeng ngarti
ting gatrané kang samana
jén akir dadi kamandi
Halaman 129 ora nana

Masjid Agoeng Banten ikoe
nalika binangoen nenggi angleresi babad djaman
séwoe limang atoes nenggi
tigang dasa kali warsa
poenika kadining péling

Doepi moela-moela nipoen
Walanda anéng Batawi
waoe ingkang pranama Morgel nenggé angleresi
babad djaman kali nira
séwoe limang atoes warsi
Poenjoel tigang dasa nahoen

poenika adining péling
doepi Tjarbon doek samana
masi Panembahan Giri
nasi katiting ming ngétan
soekoeran manah loemiring

Lan ning Tjarbon masi hardjoe
doeroeng kaslapan Walandi
doeroeng ana wong pantinan
koeta Tjarbon masi kikib

ngoebengngi sahardja poera
tengremé wong Pakoengwati

Kasmarandana

Warnanen wong Pakoengwati
Panembahan Girilaja
naban tahoen sésébané
hing ngarsa Soenan Mataram
naban mangkati ngétan
woelan Sapar lajén rawoeh
tanggal ping nem Rabioelawal

Noedjoe oenining Sakati
sabab hing Pradja Mataram
hing tanggal ping nemoenené
Sekati doegi hing Iplal
kempeling para Radja
kang séba ana hing rikoe
bada Iplal samja boebar

Béda anéng Pakoengwati
hing Banten oenining Tabal
Soekati tanggal woloené doega maring Iplal ira
kokong ngang sinng Mataram
adja ngoengkoelan hardjoe
doemateng pijambekira

Banten sabané woes mari
woes kapohoeng déning asra
patoegoer nabon tahoenné
prihati Morgel Djaketra
loenta kadja mangkana
doepi Tjarbon masi noengkoel
sina tata hing Boepatja

Satata lawan Kadiri
Madijoen lan Banjoemas
Demak lawan Padjangé
Medoera Sampang tjoeriga
sébahé hing Mataram
titip awak pijambekipoen
djoemneng Ratoe ampilan

Warnanan wong Pakoengwati
Panembahan Girilaja
jén béba ngétan dinérék
déning kaloridahan nira
Ki Arja Salingsingngan
miwah Ki Dipati Oekoer
poenapa déning loeloera

Ingkang nama Tandomohi
miwah Kaki Kandoerowan
hing Gebang Wandoehadjiné ingkang nama Soetadjaja
déderék hing Mataram niniténi Goesti nipoen
larané wong angawoela

Hing pamondokan Matawis
ora na ngadjéni pisan
jén marek maring Soenané
anglépo ana hing lemah
kondjem-kondjem ana ing lemah
ika ingkang dadi rengoe
manahé Ki Salingsingan

Moewa ika Ki Dipati
Oekoer oematoer hing Panembahan koelipoen doerijat koelon
anak poetoe Rasoelloellah
nemba hing wong Mataram
anak poetoe kaja isoen
toenggal asal ka Galoewan

Moning ngapa sampoen loemiring
pangalataking Mataram
kaoela Goesti kang tanggo
hing banggané wong Mataram
Goesti atas kaoela
Goesti sampoen toemmoet-toemoet
barkahé loeloeohoer Nata

Saéstoe Sang Radja Wali
tangtoené ngaobé barkah
Panembahan adan lingé
adja geroe jin rarasan
bok ana kang miharsa
tema dangdang moeli koentoel
pitelahé wong Mataram

Moelané isoen ngabakti
ja maring Soenan Mataram
bok iki pada katambon
mengkojén sami asowan
hing ngarsané Soehoenan
soen doedokaken toehoe
djatiné ingkang soen sembah

Amoeng adja adoe linggi
lan isoen dén kapiarta
jén ana babisin ingngong
ja ta kang para Loeloerah
ngartos wangsitng Nata
adan kaparengé waktoe
mijos anéng pangngkilan

Soenan Mataram woes linggih
ana sringgasana moebjar
kinoebeng sakapraboné hing ngajap sagoenging Nata

sami Kondjemming lemah
lir pitik atoemon oeloeng
rarasi para Nabéndra

Panembahan Pakoengwati
tan tebah Loeloera ira
ana katingal mantjorong
hing tingaling Salisingan
Nata Oekoer pon moelat
Tandamoehi pin doeloe
tengenné Soenan Mataram

Ana linggi korsi gading
komara nelohi djagat
pinajoeng kadi Srangéngé
Ajeng ngengeng para Loeloerah
kawengan tédja prana
pareng boebar hing ngaloenggoeh
sami dateng pamondokan

Panembahan Pakoengwati arissing kandikanira
la kaki paran was paos para Loeloera atoeran
inggih Goesti poenika
poenapa kadi andaroe
nembé kaoela karengan
Roepaning kang adi loewis

Panembahan angandika
bok kaki ora angartoe
kang katon ja ika Ejang
Soehoenan Kalidjaga
boktan idep djati ikoe
djatiné ingkang soen sembah

Oeroeb-oeroeb hing Yang Widi
moeroeb mantjoer Rasoeloellah
insan Kamil djati reka ingkang pangawak tédja

mageng araga soekma
apa doedoéné loeloehoer
Soenan Djati moenggéng kramat
la ikoe marganning ngarti
wis iking Goesti Panembahan
dénnja soekoeran ngolosod
hing sampar leboe Mataram
anoet inggeking mala
sampoen sedeng sami mantoek
mring Pakoengwati nagara

Pangkoer

Lami-lami ning ngagesang
koedoe baé ingroeng nganing ngaoerip
Tjarbon ketekanan moesoe
ring wong atas Maroeta
Ki Dipati Gandén hing paparabipoen
wong kalang wong angeloentoang
mangan kodok mangan babi

Sadina-dina gentoeran
ja apésta mandjer pangetokan babi
lako ené agawé roesoe
maring isiné désa
rarampasi singa tjabar ja dén rooed
doedoewéné dén paroesa
ora nganggo soekané maning

Yén den po ika toekaran
perang boeroe singa tjabar ja kambil
ora njangkirangi hoekoem ngalahaken nagara ora mikir hing
palakartaning Ratoe
Panembahan Girilaja
ora dén deleng Narpati

Dén anggep wong ngamandika
mila Dipati Gandén tan den tata kering
amepes bawaning Ratoe
kang Pati Seminingrat
saoli-oli anjabili maring moesoe
mala aké kawat gata
wong Tjarbon akékang mati

Koela warga kaparoengan
aké tatOE angadang soera wiri
wong Tjaikhérang ageroe
grandaka kapoenggoengan
Ratoe Mendik apopojan ning Sang Ratoe
Panembahan adilloellah
dén gondél sakti noeloengngi

Kranané ika wong kalang
ora kena dén gawe bérés oerip
dén toendoeng tan gelem mamproeng
dén rampék angloeloengka
datan kena dén gawé sanak angoetoes
gelar kadi tjamera kera
tan ngadji bener satitik

ngaloentang sakamja-kamja
doedoewéning aké dén paksa wani
sinemdoe dadi ageloetpatén-patén brawasa
lalon-lalon anglaloe ataker maroes
angreboeti barangin Ijan
tan étang dipoen pentoengi

Dipoen perang males merang ora kena dipoen aroe-aroehi
jén dén aroe anggep lampoës
ja ta Kandjeng Panembahan
karsa toemon hing djalma kang kaja ikoe
kali Pangaeloe Djalila

ting ngiring ing sagoeng santri
anganggé sarwaning petak
patang poeloe poenika ingkang santri
mijosipoen saking datoén
kang sarta atakbirran Allahoeakbar rempoeg wong patang
poeloeh
adi sabik-sabiloellah
sabille wong Pakoengwati

Takbirran kaja Rijaja
ramé rempoeg swaraning hing wong santri
angiring Pagoesténnipoen
mijoes ming djawi kita
beneranning Tédéng pan sigra katemoe
Dipati gandén toemingan
hing polahira wong santri

Inkang sami atakbirran
soeka boengah doemado miloe moeni
amoedji poedji Yang Ngagoeng
karenan tanpa sésa
dadi miloe sainggeking Sang Ratoe
dén kon moeni sahadat
sakabéh wong pada ngiring

Dén Islamaken sadaja
Dipati Gendén sako ela wargi
wong Kalang woes pada anoet
moengalapé Sang Nata
dén dodo kaken hing Pakalangan ikoe
akoempoel dadi sadésa
Pakalangan ikoe jakti

Pan titijang selam anjar
jasanipoen Kandjeng Panembahan Giri
lajan mila-mila nipoen jwan kasebat

djawa Pakalangan
angabdi maring Sang ratoe
kongang lamon dén edolla
ping pitoe sadinamangkin

Katampoen Ki Djalila
la jén ika sinenggé kang abdi milik
Pakalangan ika ikoesabad ika wong Kalang
Ikang pada teka nagara ning ratoe
gawé kalakoewan gagam
angalasaken nagari
Doepi soenda pagoenoengan
sinenggé abdi kasijaning Hadji
krana nalika doek maoe
ratoe ingkang toemcka
amerangi maring nagarané ikoe
marmanipoen kétang séda
lawan Pakalangan mangkin

Lawan adja gaweé lo kan
nad jan goenoeng pon béda-béda oegi
jén wangkid goenoeng prakoeuwow
jén ikoe abdi amat
krana ikoe Islamé pinrang nging Ratoe
Islam sotéh karana kala perange déning Sang Ngadji

Yen si wong Goenoeng Prajangan
koe mardika krana Islamé dingin
ora karana pinoekoel perang déning Sang Nata
estoe ikoe soehoed déwék maring Ratoe
moela tan sinenggé amat dén nira wong Pakoengwati

Doepi Djawa Kapetakan toengal lajan Pakalangan kahabdi
krana alamé Sinoehoen ikoe Pangéran Petak
sabalane pada gawé roesoe-roesoe kaja Pakalangan oega
tan nana béda sademi

Mila Kijai Djalita
Pangoeloené nagara Pakoengwati
ngoekoemi jén ika doesoen
kang aran kapetakan
Pakalangan toenggal baé habdi mamloek kamilik dénning Sang
Nata
hing nagara Pakoengwato

Pamidjil

Lami-lami hing sola maranti
sabaée wong Tjarbon
hing Mataram saban hing-hing Moeloedé
datan ginggang Ki Tandomohi Pandelegan mangkin Arja
Djagasatro

Para Loeloerah Arja Salingsinan mangkin
dén nja amigatos
Malangsoemirang moerang hing nitiné
jén ningwetan aniningali
wong ngadjar djoerit anéng aloen aloen

Pada ngagem tohok toer aniti
koeda pada angrok
toembak tinoembak tan pasa koelite
ana ingkang baksa amawikepeng pedang paris atangkis
sarawoek

Pdang pinedang tanana ingkang kanin
wané kangsarogsog
balang binalang ngaken ninggekké
sinoeraken dipoen kepokki
gamellannja asri
pinatoet lan bedoeg

Warna-warna dénnja ngawi ragi
djogédding asosog
wan
ingkang tandaknja angoelotor sabagi-bagi dénnja mambri
kasokekaning Ngadji bala sili hatoer

Atoer-atoer hing mantja Boepati
doemateng Sang Katong ing Mataram
kalangkoeng soekan
amingali ingkang para abdi
atoer pangoepaksi
maring Sangabraboe

Singa nagara pada metoni
tongtonan ning kono
ja wong Tjarbon dén niri gawé
meton nana tongtonan kang maring
Kandjeng Sri Boepati wong Sarbon sasadoe

Matoer jén boten wonten minangkani
Grago tijang Bodo boeten wonten kanga tijasa djoggéd pangawi
raga
boten bangkit hing kasaktén mali
jen nit jasaha tahoe

Wong Mataram koedoe bae ngiri
maring anak Tjarbon
Arja Djagasatroe woewoesi
lan iki kentasa bedil
kang ageng pribadi
kinarsakna amanggoel
Sarta njoeled ja ta wong Matawis
pada kamisosot
hé wong Sarbon poegas hing ang kowé
ja ta sinoekan déning Sang Ngadji
jén njoeleda bedil sapoedjagat ikoe

Arja Pandelengan tandas aglis Salingsingan gatos
angiséni oabat sasedengé
dén enali pasek toemoeli
pijambeké mandjing
sarta enal ikoe

Noeli Arja Djagasatoe gasik
Nata Oekon gatos
ngangkat bedil dipoen panggoel déwék Tandamohi ingkang
moelad bedil
djoemegoen agondjeng
kadi djagat lindoe
Djagasatroe wangkeng datan mosik koekoeh eh lir papatik hing
bedil
Sapoedjagat kekeré
ora moendoer oara goemingsir
lir wong manggoel epring
tan katon wrattipoen

Pandelegan kang kabijas déning
obat kadi péloe
hing janjana tan kroewan tibané
ora soewe djaragenek njanding hing ngarep ping bedil
badan masi woetoe
Wong Mataram ikoe nembé oening
laksanainya Sarbon
oedjar satepak katoet bebedé ora kena dén ina oerip
lan ikoe gegebring saktiné kajékoe

Manda déné Bandarané jén oewis
nemor gawé katon
ika gadang poendjoel saking papaké
Tjarbon koedoe dén pratjékani
bok manawi dadi
kamandi hing bésoek

Jén wis samono gatrané kahaksi
déning tingaling wong
adja katoengkoel nonongton saktiné
koedoe anjangkirang hing ngakir

tjotjonténging Adji
maring kangkad jé koen
Di ana Ratoe kang dadi sakti
gelaré samono
tangtoe ikoe gelaré samono
adja kéroep roepané aking
kadja bibit oewi
kaligané moentjoel

Ela ikoe marmitané dadi
Panembahan Tjarbon
dén patroli hing pamondokané dén talikti hing raina wengi
dateng wong matawis dén titeni doedoe

Ja sangoené isi sega aking
dén korék dén tindjo
dén taliktik bok ana isiné
kanoetané dén galoesoari
katetaning kantjing dén wéwér dén oesoeng

Ya ikoe ngenesé wong Pakoengsri
dipoen notok kojo
ja angrasa dén ina pradjané
Arja Ki Dipati Oekoer

Katoewoné déning loewi-loewi
tan dén daleng oewong
makate oegi hing satjiptané
Wandoe hadji gebang kang nami

Soetadjaja dingin
mana winaringoet

Wong Tjarbon pada rengngating ati
dén gawé samono
ja ingkali wong bresi tan doewé
manah digdjá ja tekadén serik
wong setja sajakti teka dén loeloepoed

Ya wong setja teko dén pratjékani
ka ta loroding wong
Sarbon sedéng mantoeké ing gragé
angngadati hing nabán warsi
bada Iplal moeli
dateng pradja nipoen

Doerma

ra kaja Ki Dipati Oekoer hing woentat
ngari aminangkani
kiwoeling ngagoena
matek adji limoenan
malebeting dateng poeri
anéng mataram
tan ana ingkang oening

Mala gedang seoemangka hing dalem poera
dén dahar ingkang isi
koelité walo eja géger ring wong djro poera
toemon gedang pada masi
woetoe tan kaja
isiné moesma gaib

Mangkana oega soemangka kang pada moesna
isiné hanging kang masi
koelite waloeja

gawoké wong Mataram
déning tembé ameningi
kadi mangkana
oreg sadalem poeri

Noeli ika tandamoehi matek limoenan
loemebeting djro poeri
menangi Sosoenan
ika diweg toetoeras
emasé dipoen tjonténgi
apoe madoe pat Soenan kagét ningali

Aningali emas kaligané ana
tjotjonténg ingkang poeti
pikir ana baja
iki ana doerbiksa
baja belis sakking ngendi ngaroe maring wang
doebillah dén tebih

Enggal sira ingkang dakar winasoehan
nanging jén oewis aking kaligané ana
maning tjotjondéng pedak
Soesoenan dongoé mikiri
déréng kamanah
ingkang ngasoeng wigani

Noeli ana Ki Arja Salingsinan moedja alimoenen dén wisikik
mandjing hing kadat jan
ameningi kang soesoenan
diweg dahar dén ladosi
para parekan
Ki Salingsinan aglis

Manjoekoer hing koemisé Kandjeng Soehoenan koemisé kang sasisi
ja ta sang parekan
kagét ningali Soesoenan

koemisi ilang sasisi
mantjep ngoedjiwat
Soehoenan maskitani

Angandika koewé mésem moelat maring wang
apa koeé sarasmi
maring raganingwang
doepi mangké dén oesap koemis kari sisi
adan Soehoenan
moendoet adining tjarmin

Amratélakaken koemisé kang ilang
ngilo kakatja jakti
jnata koemis ilang
jata Soenan ngandika
sapa ingkang wani-wani
hing koemis ingwang
dén tjoekoer kari sidji

Noeli ana swarga oeiné sabda
njaoei hing Sang Ngadji swara
nja enja aing anoe njokoeran
Soenan Mataram nimbali
Papati ira apariksa lahiki

Ya koemiskoe ilang sasisi kélangan
teka ana njahoeri
swarané kang moen ja
aing artiné apa
Ki Pati matoer wotsari
artosing basa
aing poenika kami

Gih poenika basa tijang Tjarbon soenda
lah ikoe marmitaning
Soesoenan Mataram
njereg jén Tjarbon ala

pada oendangana gelislakoené njétan
soegi rantjana demit

Woes katulap jén dadi moesoe hing Nata
wani amandjing poeri
ora lan dadalan
njoekoer koemissing Nata
ora lajan dén badami
sasaha kita anang
ngendi si pakoerwati

Ya Ki Pati matoer noehoen doeka Sang Nata
anak Mas Tjarbon mangkin
pan sampoen kalilan
mantoek dateng nagaranja
pandoegi kang masih hari
rowangan nira
ngalindeng digdja demit

Boten kados tan kasasmata hing tinggal
saking poendi marga ning
ingkang katjepenga
Soesoenan angandika
lah loeroegana toemoeli
Sarbon dén kena babandané mariki

Lah ikoe marmitaning dadi tjela
Tjarbon lawan Matawis
matingka loeroegan
Pangéran Poerobaja
kang toemondak angloeroegi
anéng pakoedjan
sarta para pradjoerit
Doega maring Tjarbon ika masanggrahan
moenggoeh kidoeling kali
kang mangké katelan
Paronggol namanira
énggal Kijai Pandamoei

kang loemantinga
hing gelar sing Matawis

Katjarita Tanda moei kang laksana
toemanding hing prawéri
Pangéran Poerobaja
anjoedoek tinadahan
Tandamoei dadi kali
pinindo dad ja
papat anggambing-ngambing

Di ping teloe dadi woloe ingkang raha
sigra kinén malesi
doepi loemaksana
Pandamoei soemedja
anjoedoek hing tjiwakan mangka ning
ababa koedaboerak ika doemadi

Ya Pangéran Poerobaja dawoeh hing lemah
narimah kawon djoerit
boebar sarta bala
wansoeli maring Mataram
atoer oening hing Sang Adji
jén Tjarbon mapan
tan kena dén gagampil
ya satepak kékéré kora wad janira
tan kena dén gagampilkadi oeler tima
panas bawaning sétan
poenika wong Pakoengwti
osoegi goena
séstan katong ngadahi

Magatroe

Yén sinoedoek dadi akéh kaja lelemboet
jata Seoenan Matawis
ngoetoes sédjén wira pamoek

niroban bala braketi
goemodoeg paranné ngoelon

Ija ikoe Toemoenggoeng sing Pasir kidoel
kang goena prawiwa sakti
Pangéran ning Sélateloe
soemedja andjadjal maring
koetaning nagara Tjarbon

Doeroeng teka maring prawatesan Pakoeng
nembé doega ambeneri
toegoe Mangangkang katemoe
Nata Oekoer kang ngadepi
atanding wira kammantjon

Ingkang bala Mataram kondoer katoempoe
pada moelakkipoen déning
pangaroehé Nata Oekoer
kenang oebang-oebeng dadi
polahé amider panon

Oebang-oebeng tan karoewan lampahipoen
amemegeli kang ati
njata ika Nata Oekoer
anoelak moesoeh matawis
tan kadoegi datang Tjarbon

Apopojan waoe hing bandarinipoen
jén kadi moesoe iblis
abdi dalem alalakoe
boten katik doegi-doegi
pidjer kapoejengan kapanan

Estoenipoen amoesoé pan dédé moesoeh
kadi prang lan dedemit
tan kantenan gelaripoen
ja ta Soesoenan Matawis
angoetoes hing sédjen wong

Séna pati soewanggi sing sabrang poendjoel
kait lan doekoen gentiri
wong Mataram kang angri
joeng
loemoeroeg hing Pakoengwati
sedja ngempes anak Tjarbon

Ing ngiring ing bala pirang-pirang oemboel
wong Tjarbon tan nedang-eding
Panembahan ora weroeh
jén pijambéké dén loeroegi
angetja-étja kemawon

Ana sotéh kang sedja noelaking moesoe
Ki Arja Wandoehadji
hing Gebang brondjot kang maoe
Soetadjaja angadepi
saking Losari kémawon

saking sabrang koelon hing kali doek rawoe
para moesoeh sing Matawis
pang rahosé remek-rempoeh
pada roesak dén amoekti toer sadjatiné baloklok

Soetadjaja tan késah-késah angamoek
moeng ngadeg nang sabrang kali
amatek hing ngadji nipoen
toejoe lajaran ngenani
bala Mataram woeslorod

Ija moelak pangrasené ana kang ngamoek
nanging tan kroewan kang wéro
kadi wawajangan nempoek
amepes njawa prasami
kondoer ingkang bala katong

Mila kotjap ing Gebang laksananipoen
anoelan moesoe Matawis
matoer hing bandaranipoen
jén Tjarbon kadi dedemit
oewong sotéh dédé oewong

Oeloer-oeloer tali barat hing lelemboet
tan kénging dén kanta djalmi dados mesa dédé moesoe
memeri amese pitik
soemanggeng karsa Sang Katong

Ja ta Soenan Mataram kalangkoeng bendoe
angraoes doerga kalilip
apa maning woe-woeh imboe
akéh sinangarja serik
kang kapentés hing Matahok

Pada ngoempoel ing Sarbon pramantja nipoen
hing Sarbon jén dén nimponi
dénning Panembahan Ratoc
pramila sangsaja dadi
heroehé Soenan matahok

Pan wis kotjap hing Tjarbon ngiboengi moesoch
ngendi ana kang aserik
hing Mataram ija anamproeng
mantja maring Pakoengwati
agolong ana hing Sarbon
doera tanggon anggon

Mila sami pralaloe mantja anoenoet
maring Ratoe Pakoengwati
kang sabar krana Hjang Agoeng
rembesipoen Radja Wali
Koetoebing nagara Sarbon

Ladrang

Pakoengwati lami-lami ning ngaoerip
koedoe ana
bantjana isining lahir
ora lijan ja Ki Boejoet Alas oerang

Ja tedaking Dempoel kang dingin maranti
toera-toera
hing wong doewé soedi wani
kang babasan ja kakandi wadah oejah

Ya ing Alas bekoeng atimboel mali
angka-angka
ingkang oemboel-oemboel waring
pada raraton
awangoena si karahardja

Ja sakait lawan Ki Boejoet kang nami
Ki Soepataka
pon toeroening hamét wani
moeng tjiriné déning tan hoening hing daja
Koerang waspada hing gaibé doemadi
goeragapan
mengke jén anemoe sandi poeharané dadi kaja-kaja botjah

Ja ta géger gentoeraning Pakoengwati
alad-alad
Patis Seminingrat aglis
angloeroeg hing alas Bakoeng sinikara

Sawatana prangé Ki Boejoet ningkir
lébér mapan
ming Kapetaken dén toengtik
déning Kjai Pati Sarbon Seminingrat

Hing Patakan aprangé sawata wis
sigra boobar
angajab samargi-margi
angroerongseb hing lakoe padang raraja

Angararaja kanggo sangoe ning madidig
ingrarampas
singa ing dalam kapanggih
ja dén reboet wani hing tingkahira

Boejoed Oerang sabatoeri sała hepti
sedja njelang king Sarbon poesaka kéjang

Mojang Pandjoenan
katitipaken nasri
mring Soehoenan
apa beneré wong titip
jén wis lawan ja koedoe angoléhena

Ja ta tan gelem ngolihaken positip
jen wis lawas
beneré wong ananagi
jén matoengteng ija koedoe penerang ngana

Ja ta sira saja akéh angrempagi
sanak-sanak
warga Pandjoenan kang sami
ammarentja hing koelon angrijoeng teka

Sidji loro sing Kandangaoer sing Djoenti
miwa ika
saking Singaradja mali
sing Dramajoe sing Tjasem sing Karawang

Ja sing Pontang sing Tanara asing aké mali
sing Djepoera
ika katilas awani
maring Ratoe Sarbon
sedja sala sipta

Sedja ngangkat Boekoet Oerang ngadeg Adji
ora kaja
Ki Pati Semi naliktik
pareng wengi andjedjem goena wikara

Boejoet Oerang lagi toeroe dipoen godi
langkoeng katrap
sisirepé Pati Resmi
ja wong domas batoeré Ki Boejoet Oerang

Kena kabéh ikoe pada tinangsoeli
tampa sésa
binakta ja hing ana ing
Petjattanda
ana hing Kendal kadjaksan

Koe wong dommas wis pinandjara dén Pati
Seminingrat
sadaja malebet sami

wong domas batoeré kaki
Boejoet Oerang dén beloki nang Katandan
Patoet dénéng oli patang poeloe wengi
noeli ika
déni aeroes déning Padjaksaning
ratoe Tjarbon ana hing Kendal Kadjaksan

Dén koekoemi maoe ingkang mamatén
Ija pada déni esrahaken ning Djoedi ja medaling pamanggahan
pinatenan

Doepi ikoe kang rarajah rarampasi
dipoen wedal
lakeng ning pasapon pinrih
dén gitika anoeli ika dén boewang

Doepi maoe kang pada garoembjoeng pitik
kang kagebah
ora kaiawan pamih
Koe karsané Ratoe Tjarbon dén mahappa

Ya woes sima rasa roesiting nagari
kabar kahan
loeloehoer Sang Radja Wali
anéng Sarbon mapan masih tedak lima

Sidem kajon kang réka-réka pan njilib
poeli hardha
waloeba abetjik ati
emboeh besoeké saikiné ja wis kreta

Poetjoeng

Tan warnanen hing Mataram Ratoe Agoeng
doematenging dédé manah
doematenging Ratoe Sarbon
réh patoesan ping tiga tan antoekkarja

kasereging napsoe kalipoeting bendoe
asraja Walanda
Kapitan Hetal djenengé pinroh kena babandané sang Nalendra

Anak Mas Sarbon adja ora kadjoe poet
maring ngrasa ning wang
taoe rasa sira mangko
jén tjampolé ikoe sobat doedoe lanang

Ya ta ika Kapitan lajar ming laoet
amargi sagara
woes kadoengkap maring Tjarbon
lampahira tangginas ja énggal prapta

Wong Tjarbon kapengel tan ana ngaroe
hing waktoe samana
tan nana Walanda toemon
adja maning oemah-oemah hing nagara

Doeoroeng ana Walanda djeneking Pakoeng
wong Djawa aringas
maring Walanda katembén
ija ikoe doeroeng bisa hing katanja

Doeroeng ngarti terang ing kata malajoe
dén adjak tabéjan
Panembahan déréng ngartos
ja tan soewé adining pangalpoeka

Panembahan noeroet baé ing satjatoer
ring Walanda bisa
katiga poтра andérék
Pangéran Sepoeh Pangéran Anom sada

Kang andérék hing rama alampah laoet doepi koela bala
noesoel lakoe darattan kabeh
kang djinoedjoeng hing nagara geng Mataram

Kawa naha Panembahan lampahipoen
lan Kapitan Hetal
angrasa jén oli gawe pan wis katoer hing ngarsané kang
Soehoenan

Ingkang baoe Panembahan pan tinangsoel
doemadi pratanda

arrah babandan semoené
ingkang poetra kalijé ngartos sing réka

Yen kang rama angsal doedokaning ratoe
agoeng hing Mataram
déréng ngartos ing dosané
noeli kinarsa kinoeng koeng dateng pasowan

Ginoenem repit sedja pinambrih lampoes hing pada najaka
malah wis rampoeng goenemmé boja rempoeg jén dén
pedjahana ganal

Ya karan békéting Banteng bili metoe
boediné rakasa
hing ngarap pan datan soewé
ja poehara dadi wisahing Sochoenan

Hing sedjané sedja demit ambrih lampoes
sedja goena digdja
baroewang ingkang jinawé
koela warga Sarbon woes doemoeging kana

Ingkang Goesti Panembahan sanget ngangloe mijosing pasowan
dén moele-moelé dén gotong
dén adji-adjji binakta hing pamondokan

Tanna dangoe Panembahan noeli laroet
goernita jén séda
dén moelja-moelja sinaré
dén Astana ana hing Giri malaja

Mila sineboet hing woeri ing nama nipoen
Kandjeng Panembahan Girilaja sinambaté
goering djana jén Mas Tjarbon woes séda

Sarta karsané Soesoenan lamon la ikoe
poetra Panembahan
tan soeka mantoeking Sarbon
dén koekoehi kekel ana hing Mataram

Kang dén arah drapona adja na soemoeloer
darapon doempoera
radja ana Ratoe Tjarbon
bilas ilang hing Tjarbon akoendang setan

Angrobohi karaton lakoe angaroe
annjotengi dakar
njoekoer koemis lah samangko
rasakkena dengda wisasating nata

Ana rengi waktoe samono pahiboer
perang Troenadjadja
seja bedan Mataramé
poetra Tjarbon loro pan katimpal-timpal

Greg pating biloengloeng larag-loeroeg
maring ngendi ora
poetra Tjarbon kalbesatté
hing nagara Kadiri pan wirandoengan

Pirang-pirang hing Tjarbon tahoen asoewoeng
katoewangan Nata
doeroeng ana soemoeloeré
doeroeng ana kang mikir ngangkat Rahardja

Ja sing waktoe Panembahan ika laroet
doek ing babad djaman
hing séwoe limang atoesé
poendjoel woloeng poeloe papat loemampah
Doeha maringoleo anembelas tahoen
tembé ana karsa

Sultan Banten pasijané
apotosean ametoek kang poetra ika
Kang kablesat hing kadi ri lampah hardjoe
kinen ngamitena saking Soenan Matarammé
ja ta Toebagoes ingkang prasami mapagi

Kesah maring Mataram ika anoehoen
lilane Seohoenanlamon ika poetra Tjarbon
kang kakali
kasoeahoен kahamitena

Kang karsaken ana hing Banten salimoer
toenggil toenggil melas
sangginé ing Banten baé
moenggi maenggija wontena idin Soehoenan

Ya tan Soenan Mataram soeka doemoeloer maring panenada
hing wong Banten kang samono
kon malaksak déwék maring pangngoembaran

Dén salaksah anéng Kadiri tinemoe
dan sigra binakta
maring Banten sakalijé
rena-rena Sultan Banten adoerran

Dangdanggoela

“Kandjeng Sultan Bantén toemoeloers asih
rempoeg lawan Morgel Djaketra
sedja ngangkat Ratoc Tjarbon
Moergel Batawi rempoeg
mila Banten darbé wawani
angadegaken Sultan
krana Banten ikoe
angsal idin saking Mekah
lawan angsal Poesaka Rasoekan Ibrahim
prmila kinawenang

Pangéran saking Sarbon kakali
mapan sampoen ja djoemeneng Sultan
hing Banten dén istrénané
noeli kinarsa mantoek maring Tjarbon doepoen katiri
Walanda sing Djaketra
ingkang namanipoen
anenggé Kapitan Karang lan Radja Gowa Radja Bima kang
prasami
kinén angraksa ha Sultan

Embok ana panoesoel sing Matawis
ja ta Sultan sakoro woes hardja
alinggi ana ing Tjarbon
babading djaman séwoe
nem atoes hing Tjarbon mimiti
ika djoemeneng Sultan walanda kang toenggoe mimiti ana
Walanda
ijaikoe Kapitan Karang roemakséng Goesti
hing sadjenggering wibawa

Sadjedjeging amaro nagari
kasepoehan lalawan Kanommanija tatkala samono
Sultan Anom kang mangoen
Kraton pijambek amoerwa poeri
sangkané toemoeroena
maring anak poetoe
dadi ana Padaleman
loro enéng djroning koeta Pakoengwati
ja tat kala samana

Loro sotéh koekoemé sawidji
pramilané jén choekoem hoem sarengan
Djoemah hé ja bareng baé
ana hing Masjid Agoeng
Pangoeloe hing Kanomman
Gilir Djoemah atoewin Rijadin

sapa hing fitrih sapa hing alkoh
mangana maning oenine
Soekati sapa Moe cloed
lan sapa Rijaja kali
katong roroning toenggal
ingkang linggih Ratoe
Kapitijan doek samana
hing Kasepoehan nami Ki Arja Nadin
asalé wong Palekat

Para Goesti doek samoni musi
doeroeng ngartos docmateng rarasan
Malajoe marinaning gawé
djoeroebasaning woeswoes
ingkang nama Ki Arja Tjelli
ija ikoe kawitan
ming ana Toemoenggoeng
anéng nagara Pakoenga Ja
ingkang nginger ala bejikking nagari
Sultan soeksara pratjaja

Toemoenggoeng ika kait lan Walandi
Kapitan Karang Jan Radja Gowa
Radja Bima toeré
moela kadoega leboer
koeta Tjarbon dén boerak dadi
dén gawé bémenténgira
anang pinggir laoet
sirnaning poesaka koeta timboel bémenténg wawangoenaning
Walandi
andjaga djaga Sultan

Lah ikoe waktoening tjaroeb oerib
akéh Walanda akéh wong tjina
noenoet soeka hing Sang Katong
sinoekan sami koempoel

oeman-oemah hing pinggir kali
sakueloning Pabéjan ngadepaken doetoe
ambandjeng pantjinan dalang
pada gawé Kalenténg sabagi-bagi
atjaket lan sabandar

Pabéjan pamitjisan dadi
koemerab sakoeling bansa-bangsa
pawalandan Kapitannané
ja Kaptén Karang waoe
Kapitan Tjiina dén arani
Kaptén Boerwé kawitan
ingkang pada lakoe
makoda wané pranakkan
tjatjalang ingkang dén woeri-woeri
djagané bok ana aprang

Sinom

Kawarnaha ingkang kadang
kang metoe kang saking ngapti
Pangéran Koesomadjaja dénnja karem maring soepi
tanopén anak rabi
oemah balé boerang aboer
tan ngétang sandang pangan
hing bratapané toer gempih
mila doemadi ing barang satjipta nira

Bisa ngambah awang-awang
lan bisa mentjali poetri
kinawenang sédjén roepa
lampah sakedap doemoegi
maring prenah kang pinrih
woes ora sangkéting lakoe
karemenipoen wajang
dada lang kang wignya adi
kang sinenggé hing soegoel paésan toenggal

Datan pegat anglambajang
mangka ika anarengi
lélédang maring nagara
kapareng Sultan kakali
diweg aniningali
Bénténg anjar kang winangngoen
Pangéran Soemadjaja
kandikané ja iki
kang ginawé menggoeng waji koediran

Natkala nabda mangkana
lari ngijoggaken etjis
hing koeta Bénténg ahobah
oreg lir boemi ginondjing
semoené mantji marringkang raji doemé kad jékoe
tjampoer boedi Walanda
gawé Bénténg pasang bedil
ja ta Sultan sakali asroeh ngandika

Sampoen makaten kang raka
loemajan badé medosi
tijang bodo drapon oelap
ningali Bénténg poeniki
doepi djeng raka serik
boten remen ning poenikoe
djandika njingkir kewala
hing parnah gén kang sepi
dan Pangéran Soemadjaja woes anjimpar

Agoeling hing Kardjoewan
atmané sampoen doemadi
ratoe topong Baladéwa
hing pesisir kidoel nenggi
ika ana hing boemi
Tjidamar génnja ang Batoe
nama Soenan Prawata

toer balampoen gagaib
goemlar asrih pada sadéla

Ya ta Goepenoer Djaketra
kagét toemon giri roesit
dadi samja pada apjak
Saradadoe angloeroegi
pirang-pirang pradjoerit
saking Djaketra koemeboel
nanging jén woes katingal
kaligané kang pradjoerit
pada potol endasé tanpa karana

Mangkana lawan mangkana
gawokipoen wong Batawi
nembé toemon lampah perang
amorotolli pribadi
akéh pada sasiri
angloeroeg pada angandoe
sagena-gena pada
geris pada marotolli
pirang-pirang Sradadoe djawa Walanda

Danggomé géger gentoéran
Moggel Batawi angarti
jén pisaniki koedowa anak Tjarbon kén njabilli maring Tjidamar
ambrih
djimat pamoenakih loeroeg
ja ta wong Tjarbon dangdan
sarta pradjoerit Walandi
Kapitan Moeris kalawan Koemendoer Adjag

Lan Mantri Astraditaja
Sultan Loro pan loemiring
angloeroeg maring Tjidamar
pasir kidoel dén poeroegi

ora manggi dangeding
Tjidamar amanggi soewoeng
gawoké wong Walanda
ra manggi itoe ini
érané kang maoe apa doerbiksa

Datan wroeha ika atma
atmané kang mangngoen goeling
ana hing gon kadjoewanan
parengika dén loeroegi
dateng kadang pribadi
doemadi énggal awoengoe
kana atma moeksa ilang
mangsoep hing ragané atang

Sultan loro sing Tjarbon woes ngarti oega
Lamon poenika kang raka
Soemandjaja dén nadeling
ngangken wiratama nira
ngésemmi wong Pakoengwati
angorag-orag raji
adja katoengkoel anggoegoe koela redja Walanda
kawas kita angoemmandi
para goesti hing roepané asengadja

Sengadja tjampoer koripan
angramékaken nagari
anganjarakening jasa
amboerak jasa kang dingin
koeta Tjarbon woes bresi
kaganténing Bénténg ngipoen
ringa-ringa hing Djagat
wéra ingkang dipoen pambrih
nanging salirga gaib dadi atebah

Toet satitik moesna ira
goerijang hing Pakoengwati
katijén déning Walandi
hing Tjarbon boentjari tebéh
ilang sagoenging mandi
tjama kapoepoena hing doedoe mila Kandjeng Pangéran
Soemadjaja asoeng wangsit
Soepadosa para Goesti sadja nemaha

Hénda ilang hing goerijang
sok raméja hing ngaoerip
kang aran sagoela wenta
ingkang manis ingkang goeri
anglaloe sada lali
maring mantraning loelohoer
tewadjoe hing kaldoenja
kal achérat kang kakéri
lah ikoe prabawa Poeloeng joen mintar

Kinanti

Hing Tjarbon sawaktoe ikoe
mari séba hing Matawis
moeng asrah patoegoen djalma
saban tahoen gilir ganti
atilad wong Banten poera
patogoer hing nabani warsi

Pon toenggal parigelipoen
Toewan Morgel hing Batawi
Soenan Mataram narimahwoes ora kaoena-oeni
apa maning hing Mataram
lagi iboer doeroeng mari

Perang Trodnadjaja nipoen
seja ambedah Matawis

pramila anéng Mataram
tan pati ngoengsedda djawi
rada répéh hing wisaja
datan kadi wingi oeni

Tjarbon tengtrem déning éstoe
dén djaga déning Walandi
kang nama Kapitan Karang
ingkang dipoen katahanni
déning pambrih hing Mataram
wedi mring telik Batawi

Mila kaoeripan nippen
Walanda dén katélingi
déning Sultan loro pada
gegel djoeroe ladén oerip
sing Kasepoehan wong limang atoes njuosi sakarepé wong
Walanda
wong siwoe ingkang ngoepadéni sarta kinawenang dagang
mambrih oentoeng hing nagari

Sakarepé tjari oentoeng
ora ana ingkang dén sangkretil
anggolang bala makida
hing naga ra Pakoengwati
apa doedoeni wong tjina
moeng ora dén gawé telik

Tjina amoeng tjari oentoeng
ora djaga loenggoe Adji
mangka ika wong Kadja
wong Boegis lan wong Sarani
sakarepangoelan dara
ora angraksa Narpati
tami lamining toemoewoeh
kadang Dalem kang anami

Pangéran Emas amolar
maring kang raka Sangadji
amodé sonoengi andjang
kaoripan hing nagari

Kang raka kéndal tan pasoeng
bawaning tan mandarbéni
kawasa ngadegna pangkat
ngadjaba Banten kang wis
ollikkongang sing Mekah
doepi kita Pakoengwati
Bara-bara kita toewoe saméné ngoelat ngendi adja agawé
oengkara
bok temah tan makénaki
wis ésak-ésak kreta
adja akéh pokal-pakil
Pangéran Mas doek rengoe
ming kang raka langkoeng moetik
adan angitar prijangga
soerat retjep hing Batawi
dén dala hing pendi anjar
dén toetoepi tjowét sidji

Dén dempoel lir wada madjoem
sapa djana isi toelis
dén tjotjol lawan tampelang
wong sidji interé demit
doemoegi maring Djaketra
lampahe anoempal kéli

Hing kana salaminipoen
ana hing tanag Batawi
tanama kang pidoelija
angrantoen anang oemaning
toekang sajoer hing Djakerta
tatamané sang Morgil

Mala réréwang njanjapoe
njiram kebon koenti wiri
sing kéné marganing bisa
katemoe lawan Sang Morgil
tatkala Goepnoer lélédang
soré-soré niningali

Maring sasajoeran nipoen
patoesan Tjarbon agasik
angatoeraken kang soerat
Morgel Goepnoer sampoen tampi
soerat kaharti sadaja
adan sang Morgel Batawi

Ika sang Morgel Batawi
lawan Sultan Banten poeri
jén ana kadang pakoed ja neda adjang hing ngaoerip
Sultan Banten mapan rempog
pisan lamon dén Doejoeri
Pan sinoengan adjangipoen
sing Kasepohan pinardi
maringana adjang gesang
limales désa mangkin
sing Kanomman mangkana
limolas dissa pinardi

Wandéning djenengan nipoen
di tjoné ika ngeroeni
lalaeriné Panembahan
lah ikoe marga ning dadi
hing Tjarbon Ratoe bitiga
doek babading Djaman Kali
hing séwoe nem atoes peonjoel
telolelas tahoen djedjiggi ja ta sang Morgel Djakerta
angintar toelis kang maring
Tjarbon hing Kapitan Karang
soerat angkatuning Adja

Panembahan sampoen loenggoeh
Ratoes Mandita ngajasi
angreh teloeng poeloe désa
pigeeling wargi-wargi
Kasepoehan lan Kanomman
woes marem kang lagi roentik

Salat Djoemah gilir teloe
hing nagara Pakoengwati
pandjaksané pan titiga
Karatoné mapan ngampil
maring pradja Kasepoewan
déning ana titik roentik

Ming Kanomman ana rengoe
rengating mana wawangi
toer ta ikoe Sri Kanomman
toenggal saja ja babibi
woes karsaning Allah oega
tjawenga kagiri-giri

Petjat mati dénnja rengoe
nanging datan dadi roesit
hing atoeraning nagara
loemari anoeli adi
hardjané kang panagara
salameting gira roesit

Kasmarandana

Lami lami ning ngaorip
pada ngintar kahoenggoehan
kang dadi tjager akiré
adja gésé hing soeloeran
kang gadang njoeloeran
ingkang rama lamon lampoes
sinoengan dingin pratanda

Nama Pangéran Dipati
anang Pradjá Kasepoewan
Djamaloedin kang gadangé
soemoeloera ingkang rama
béndjang jén woes séda
hing linggih winangoen tangtoe
talitih Naléndra dipa

Doepi hing Kanomman wasis
bawan ning sanget memelang
wantoe kanjaran loenggaehé
Kanomman wong anjar mela
béda wong Kasepoewan
lalorining datoeng agoeng
sing ngalem Soesoenan moela

Wong Kanomman sangngé pikir
kawangoen tjager hing manah
ingkang senggé sawadiné
sadoeroeng-doeroeng ngilina
Sultan Anom asad ja
abadami lan Goepenoer
miwah Sultan Banten Poera

Panoehoené ingkang siwi
dén oendanga nama Sultan katjagerna namané baé
nanging ngora mela pradja
pom masih nang Kanomman
dadi Pati loenggoehipoen
moeng namané baé Sultan
Darapan énaking ngati
hing woeri adja memelang
Morgel Djakerta andérék
salarsaning Nata
doemoeloer maring kadang
Tjarbon Kanomman kang soenoe
kinawenang nami Sultan

Sultan Tjarbon ingkang
Arija Mandoeraredja
ting ngadoenané étja hing manah
tjagen ring woeri soemoeloer
sirna rasa mana melang

Djeng Panembahan pon pikir
wangoen tjager maring poetra
dén asri neggé namané
Pangéran Dipati ana
hing sri Panembahan
mangkana Ratoe Hing Pakoeng
dénnja angraksa toeroenan

Ing Kasepoewan kang siwi
ika ikoe ingkang nama
Djeng Pangéran Karerangé
rajinipoen Djeng Pangéran
Dipati Kasepoewan
lan Djeng Pangéran Toemoenggoeng
lan Pangéran Natasoerja

Kajalan ingkang anami
Pangéran Djawikarta
kalawan Djeng Pangéran né
Soerjadiningrat kang naina
Djeng Pangéran Soerjanata
doepi warga istri nipoen
poenika ingkang paparab

Ratoe Radja Yoepawéstri
ikoe poetra Kasepoewan
doepi poetra Sultan anom
ésteong djengger hing wibawa
krana poetra Kanomman
aké sinongan loeloenggah
Kadipatén soemarambah

Ikoe Pangéran Dipati
Madengda miwah Pangéran nama Dipati Kedaton
Djeng Dipati Radjapoetra
lan Dipati Awangga
lan Djeng Pangéran Ratoe
lan Dipati Pringgabaja

Miwah Pangéran Dipati
Rawamenggalaika
lawan Dipati Kaprabon
lan Dipati Radjakoesoema kang istri sami nama
Djeng Ratoe Arja Kidoel
lang Djeng Ratoe Arja wétan

Ratoe Arja Koelan mali
lan Ratoe Arja Panengah
miwah Ratoe Arla Elor
lan Ratoe Arja Kantjana
lan Ratoe Arja Kéndra
lan Ratoe Mas Kiranahajoe
lan Ratoe Mas Nadijjah

Ratoe Mas Rara Pawéstri
lah ikoe poетra Kanomman
koemerab sarta gelaré
para Goesti hing Pakoengdja marena ingkang tedakan
ingkang ngasa ja sineboetaken nama Raradénan

Sasoeka-soeka ning ngati
hing Tjarbon sakarsa-karsa
tan ana doerga angampo
tjatjangkok-tjatjangkok ira
wangoen sakarsa-karsa Toemoenggoeng pasiténipoen
tanopen toemoenggoeng nagara

Rinijoeng Ponggawa Mantri
katak woes tanpa wangenan

hing ngadi-jadi Sang Katong
andjalana mangkoe redja
sakariping séwaka
Sang Ratoe tan nampik oeloen
ingkang ngolah niti pradja

Tanopen joeda negari Sang Ratoe ngoembar langenan
kang maring sakoekoebané
amboeroe kidang mandjangan
andjadja wana wasa
ing ngiring sakoel paboeroe
moewa ingkang paninggaran

Kesel adjadjarung roesit
noeli angoembara langenan
doemateng pagoenoengané
wani miing Sangjang Talaga
ana kalané jasa
babalongan adi langoen
ana hing sakarsanira

Ing Soember hing Linggardjati
wané samoedra wangoenan
nawang gambir lajané
kesel angoela daratan
ngémba maring laoetan
ameng-ameng paparahoe
konting hing madja laoetan

Keseling madja djaladri
ming darat angadoe matjan
dén edoené lawan wong
hing Karangkéng wong kang nama
Ki Taroe lan Ki Woekar
kang pada angadji timboel
adji girang sing Karang

Ginawe bakti remening
pangameng-ngamengan Nata
doek samana dodolané
wong tjilik taroeng lang matjan
lan banténg dadar tapa
lan dén oena sikalakoe
déning kartané Sang Nata

Pangkoer

Satoewoehé hing ngagesang
koedoe baé ana roengsebing bresih
ana ingkang raesoe-roesoe
wong raraton ning kana
hing Goenoeng Galoenggoeng padja-padja Ratoe
bebresatan saking wétan
ngoelilip lakoe momori

Momori hing Karadjahan
apinda-pinda Ratoe ngiroeppi alit
ja ta wong Tjerbon angloerpeg
Mantri ingkang pranama
Saradjaja kalawan Ki Djajengsatroe
Astradita ja pon kesah
angloeroeg ja pon kesah
angloeroeg sing Pakoengwati

Kanomman lan Kasepoewan
samja loeroeg pan samja ganti goemanti
doematengn Goenoeng Galoenggoeng
pintening lami nira
graja-graja lan akéh ingkang kasamboet
marmané ika walanda
énggal pada anoeloehgi

Ingkang para kinapitan
Kapitan ros kalawan Kapitan Moeris
Kaptén Tjina mapan méloe
Kapitan Boerwé ika
Kapitan Honggé lan Saradadoe nipoen miwah kang paranakan
dén loeroeggaken adjoerit

Pirang-pirang tamboer ika
Sara dadoe Walanda anggoentoeri
angelar pabantoe-bantoe wis pirang-pirang woelan
génnja gelar angloroeg ja hing Galoenggoeng
lawas-lawas kawatgata
roeroesit Galonggoeng lari

Boobar lorodé mingétan
woesing kreta tan ana oena-oeni
oara kaja hing doemoewoe
koedoe baé kakenan
roesiting Kanomman
kapitena ja hing doedoe
Papati hing Kasopoewan
kang nama Ki Arja Nadin

Ngadjap leboering Kanomman
darapona djengger dadi sawidji
mila pitnahe matoer
maring Likman Walanda
jén wong Kanomman njimpen wong Boegis hing kidoel
kanggo angremek walanda
adjana hing Pakoengwati

Lah ikoe marmine Sultan
Sultan Anom dén Bénténg sawatawis
katiti tan wroehing hardjoe
ja ta ika kang poetra
ingkang nama Dipati Pringgabaja rengoe

anoesoel dateng kang rama
hing Bénténg dipoen labetti

Hing ngadangan hing Walanda
koedoe maksa akéh Walanda kemit
kang dén adoe koembang kondoer
ja lan sampoen kepandak
kali rama hing Bénténg sigra matoer
noehoen idiné djeng raima
poen topi hamba koela srik

Koela toempes poen Walanda
ingkang ramma girap-girap adja Kjai
déng éman ning anak poetoe
adja moerwa amarah
adja sira darma mimiti hing doedoe temahé nak poetoe bénjang
kang roesak darma lakoni

Ana déné diri ningwang
Allah oeha ingkang angoedanéni
karanané anak poetoebok ora kaja sira
aloeng déng ngati soekocera maring jangagoeng
djoegala awét hardja
noenggoej poesaka kang dingding

Adipati Pringgabaja
sireping rengoe pitoetoeran kang sadjati
pareng Walanda angroeroe
keteranganning loemampah
Boegis njata ana hing pasisir kidoe
satéh Boegis oemah-oemah
ora kedang ora keding

Njata doedoe sisimpena
doedoeminangsraja ngramek Walanda lah ikoe marmitanipoen
Sultan
Anom loewaran

saking Bénténg salamet alonggoe Ratoe Walanda neda sapoera
Djeng Sultan angapoenteni

Liknan Pandémhir kang nama
..... saenggoe ati
..... kang waoe

Sultan Badridin moela
ingkang koela Kanomman ija ikoe Sultan Goesti ija toenggal
kang nama Sultan Badridin

Doepi anéng Kasepoewaningkang namma Abdoelmakarim
Samsoedin

ingkang moela nipoen
ingkang anama Sultan
Kasepoewan ingkang djeneng Sultan ikoe
gennipoen djoemeneng Sultan
amoengan rolikoer warси

Anoeli ika soemala
adjetjegi joeswané hing ngaoripa sangsang dasa kali nahoen
soemoeloer dateng poetra ingkang waoe Pangéran Dipati tangtoe
hing ngestrenadjoemeneng Sultan
nami Sultan Djamaloedin

Anéng pradja Kasepoewan
wong ngagoeng ahli soeloek hing Hangwidi
kasengsemming déra soegoel moerakaba hing soekima
anirna lir mawdjoed tjengeng ing tawadjoe
hing soepi kapangérannanmadep hing djamaloellahi

Kang katjarita lok salat
maring Mekah ingkang badan rokani
ja ikoe kang nero lakoe
mila méléd kang kramat

Goenoeng Linggardjati dén nawé doemoeloer
marek maring Lawangsanga
wong mahat arén andamping

Padati toekoe kang lahang
salir parekan paa atoembas gendis
sawoering toetoeg alangoen

Goenoeng kinarsa loenga
gablar tebih kadi panggénané maoe
malah ana kang kagawandéng ngitaring Goenoeng balik

Pamidjil

Warmanen kadanging Djamaloedin
kang nén angolosod
ingkang nami Pangéran Rerangén noehoen adjang adining
ngoyerip
ming raka ngasjasih
ngalap manah loentoer

Yén daloe soemonggon memeteki
agoeling anéng sor
koemlasépa hing djogan rakané
ija déning sanget aminta kasi
hing raka prakawis
adjangnging toemoewah

Doeroeng baé dipoen katélungi
hing panor samono
dénnja ngalpoeka hing sihé kadangé
sarja betjiking hing Walandi
oran nana kadi Djeng Pangéran ikoe

Pramilané dén rodjon hing Walandi
sedjané samonodén pirowang hing sagedéné
déning Tetor ingkang anami

Martonoes Samsoni
ingkang djoengdjoeng-doengdjoeng

Ya mangkana Tetpr amedeki
hing ngadi Sangkatong hing Kasepoehan pan pinanggi adjé
djedjegging adajok Walandi
Sultan Djamaloedin
manggihi tatamoe
Risedengé étja alinggih

Pangéran apanor
amedek hing ngajoenané rakané
ngetoeraken sekar kakali
sri Tjampaka poeti
atoeré poenikoe

Pepetétan kaola tembénning
sekar ameng loro
gegel dateng raka sakalije
kang senoenggal bada raka istri
kang sanoenggal raka Adji
poenika kang katoer

Pareng tinampén kang sekar kakali
dénira Sangkatong
ja ta Walanda soerak sakabéh
nabda da lah ikoe wong sadjati
hing waong awawargi
atoet sasadoeloer

Misti oli adjang hing ngaoerip
maro salis katon
atas toenggil hing sagedéné
ja tu Sultan tan tangkat soelit
damoeloer kang dadi rampoeging tatamoe

Lah ikoe marmané sinakoli
Karerengén maro
koela balakang saking rakane
angsal patjatja aning djalmi
rong laksa amali
hing sakaprabon nipoen

Pan maloeloe sing Kasepoewan kang prih
loeloenggoe samono
Pangéran Arja Tjarbon djénengé
nanging satjitak Ratoe lilinggih
ancéng Pakoengwati
djar karo sadoeloer

Kali Kandjeng Sultan Djamloedin
pareng sakadaton moenggoe koeloni padawenané
pankontjara pinter hing ngabasoeki
prakara kang lair
ika éstoe poendjoel

Wit ning akal alan boedi raspati
ora nana loro
amoeng Arja Tjarbon kang dén gawé
paoegeraning kang para Goesti
wadaning Adji
hing sawaktoe ikoe

Djedjeg papat Ratoe Pakoengwati
Kasepoewan maro
Katjerbonan pon ikoe rajiné
hing Kanomman kasekawan maring
Panembahan dadi
papat oemboel Ratoe

Katjerbonan kang anjar doemadi
wadanangan Katong

réhing pinter hing Koempeni margané
dadiné tinari-tari dingin

Mabarang panari
ija maring ikoe

Wantoe-wantoe Ratoe anjar dadi
gelar pandoem ming wong
singa tjina kang soegi dén rampék
déni gedékkaken ingkang ati
kinarja poenggawi
winangoen Toemenggoeng

Ambrih gedé tomboké angngapti
hing karsa Sangkatong
Pangéran Arja Tjarbon akalé
ja kadoenga wangoen Soenjaragi
pinangkaning dadi
ija saking ngikoe

Pangrodjongané tjina soegi-soegi
doek waktoe samono
ili-ili jan ja saking rembang akeh
tjina soegi ingkang angili
krana wétan lagi
nagarané iboer

Perang Troenadjaja doeroeng oewis
akéh tjinang lolos
pada sira anggambangaken kapelé
pan déni oesoengi
hing Tjarbon angngaoeb

Pareng teka dipoen imponi
déning Arja Tjarbon

tangtoe dadi gedéné atiné
roeroebahé
kagiri-giri
apa karsa Adji tangtoené djoemoereceng

Doek binangoen ikoe Soenjaragi
dock babahad djamané
séwoe nem atoes woloe likoeré
Boedjang ga njarsa obah boemi
Katjarbonan Adji
hing sagelaripoen

Wangoen saradadoe sarageni
sang keping bala wong
asoe paboeroe oelook latoené
ora lawas ika toemoeli
Panembahan Adji
doegi adjalipoen

Ja soemoeloer ingkang poetra nami
Dipati samono
woes angadeg Panembahan linggihé
apa ingkang rama woes lalis
angréh adjang mangkin
desa teloeng poeloe

Panembahan alinggih wawasi
bartapané kahot
maring bangsa arab roemaketé
Sajid-sajid akéh madeki
pan dén woeri-woeri
minoelé hing rikoe

Remening tapa angaelangi salir
napsoe sanggé pamor

ja hing lampah hing manah soekoerané tenattrren hing
pakarjaning ali
tan katah dén pikir
bala goeng ngaggoer

Ademing karja tan nana mantari
Panembahan goné
béda kaji Katjarbonan sohoeré
panas gawéné karananing
aké kang dipikir
gelaring toemoewoeh

Doerman

ra lawas prawantoe olaking doenja
koendoe ana koelilip
gegering pinggiran
koelon ana hing désa
Tjonggilis ana goeroesit
wong bang Njarak Séck Yoesoep ingkang nami

Araraton rinoe boeng hing kawoela bala
dén tanggoeng pati oerip
marnaning doemad ja
oreggeng bala wita
kasoehoer arep noempasi
maring Walanda
sangkané dén perangi
dén loeroegi saking Tjarbon sing Djaketra
para Kapitan sami
gerlar maloeroengan
ming Tjonggilis aperang
sawatara akéh mati
oemboel-oemboelan
wong Tjarbon ambantoni

Mantri ingkang anama Astraditaja
Perwadjaja lan mali
orami Anggas ara moewa Koemendoer Adjar
sarta Saradadoe pati
bala Mekasar Kapitan Ros Bali

Saking Banten pon bantoe mangkana oega
mala sing banten roesid
ana pinangngéran ingkang séda hing rana
lah ikoe marganing dadi
Morge Djaketra
wirang dadja ngebroeki
Amijambeki kalawan para Kapitan
Kaptén Teroes adan
Séck Yoesoep woes katjandak
ka Bénténg anang Batawi pan sineratan arak lan oejoe andjing
Malah sira Séck Yoesoep pedjah djro pantjana
waktoe samana dadi
kasohoer walanda
noetoeg dénnja pirowang
maring Ratoe Noesa Djawi kawilang bisa
anginger karta boem!

Mila kanggé paoegeran hing sa Djawa
amoenahing roeroesit
pelanglang bantjana
mila waktoe samama
ngoepadéni hing nagari

Rempag-rempoeg maring poetoesing koekoeman
amor miloe ngoekoemi
tan arsa katilar
krana jén ana doerga
roeroesit ika kanggo hing
lah ikoe tjarat
jén ning akiré ngoemandi

Ora lawas Sultan Goesti ing Kanomman
Badridin kangngemasi
soemoeloerring poetra
waoe ingkang anama
Sultan Tjarbon Mandoeradji
samangké dadja
Sultan Anom Noeroedin

Sultan Kaliroedin toenggil poenika
soemoeloerring rama Dji
hing pardja Kanomman
dénnja amangkoe rejda
karta tanna oena-oeni
geng alit soekakang bawa Pakoengwati

Sultan Kaliroedin neggé poepoetra
nami Pangéran Goesti
lan Pangéran Kresna
lan Pangéran Wisnoentara
kang istri Ratoe Dipati
lawan Ratoe Widjaja
lawan Ratoe Martasari

Salaminé Kaliroedin mangkoéredja
Ligan tahoen toemoeli
séda tilar doennja
seomoeloer ingkang poetra
kang nembé ing joermanéké
kalilas timoer doemadja
kang paman amakili
ingkang anama
Djeng Pangéran Dipati

Djeng Pangéran Dipati Radjakoesoema ingkangangolah titi
jatnaning nagara

angreh kagelar moelja
karta hing sagoena gati
rahardja poera
hing Kanomman bawha Adji

Ora lawas Djeng Sultan hing Kasepoewan
ingkang nama Djamaloedin
séda tilar doenja
soemoeloer dateng poetra
woes hingistren ngadeg Adji anama Sulta
Radja Tadjoelngaripin

Alim Kitab limpad maring basa Arab
nit jassa nganggit kadis
Kitab tjara Ngarab
angatjéki sapradja
Pakoengwati tanna ngirib
hing kala hing basa
sagoedjija logawi
remen angintar Kalimah hing Ngilmoe Rasa
hing tjetjelaning soepi
henning hing Pangéran
Roeboebijah yang Soekma
atjager wisik sadjati
doeweting Béngat
kang srih pinoesti pasti

Angelaraken amangoeron hing Iktikad
mila kasoehoer dadi
Goeroe Ratoe moelja
wakil moetlakking Allah
hing sagara Pakoengwati
ora lijan
nanging Padjoelngaripin

Anggongan ni warangi apiking lampah
ambeningaken ati

kang abangsa soekma
kapangérananing Hyang singa Pandita kang lowih
pan minaketan
hing asil kang sadjati

Chadji Abdoelmaechji
Panembahan karang
Ki Emas Saparwadi
lan Kijai Amdjah
pan soer kang sena wita
karana djatining wisik
kimalaspa
Ki Goenoeng Tjindé mali

Soetroeping lampah karoenjaning manah
hing esir kang sadjati
rasaning itikad
kasoetjianing manah
winoeri hng Djati salir
kang sinoengkeman hing bangsa Goeroe Adji

Megatreo

Tan antara laminé waoe Sang Ratoe
Katjarbonan kang nami
Arja Tjarbon séda sampoen
soemoloer dateng kang siwi
kang raket kalijan Petor

Petor ingkang nama Kornélis Djongloet
kang ngangkat diri Narpati
hing Katjarbonan kang soenoe
doemadi bisa anami
perhangkatan Sultan Tjarbon

Sulta Tjarbon Martawidjaja
aloenggoe
djoeloeri rama kang lalis
dadi moenda namanipoen
doepu ramané moeng oli
asenggi baé Sang Katong

Nanging masih nama Pangéran doek maoe
doepi Kawaeri kang siwi
soemoeloer toer djeneng Ratoe
pangakating koelit poeti
ingkang roeméwang marono
Wit ning akal boedi pon kadi hing maoe
koekoe ing joeda negari
bai djawa kang déra poendjoel
jatnaning soejana djawi
angintar krama Sang Katong

Angoendaki Padjaksané hing sawaktoc ikoe
poetering pragata Adji
Katjarbonan sila rampoeng
boeboentasaning pradong di
rampoengé ana hing kono

Mila kotjap wadanaming Ratoe
gemet kang boedi pikir
hing pada repanning koenggoe
tan kewran hing ganal repit
awon pened kawaspaos
Ing prakara kalangenan katan tiroe
pramila si Soenjaragi
menda hing natkala ikoe
tan pati kaisik isik antengé anéng Kadaton

Tanna lami hing karta bawaning Ratoe
noeli Sultan Tjarbon lalis

soemoeloer maring sadoeloer kang mangke dén angkat mali
hing pranami Sultan Tjarbon

Sultan Tjarbon Adiwidjaja apoendjoel
hing pangripta ganap repit
tan kasangkitaning woeroek
kang rasa manis apait
saliring kang rinipténg Katong

Angétjem salir pangritaning Pakoeng
lah ikoe doek djamaning
Adiwidjaja atiroe
rama aremenning rasmi
kalangenan hing kalangan

Sampoernaning Soenjaragi waktoe ikoe
kang anggemeti sahad
kapoeratinning kalangoen
pan winangoen angoendaki
hing sapa kikirnan Tjarbon
ra nama kang mantari saking ikoe
atila hing Maéspati
éndah parawatan kosong

ra doewé mas inten dipalaloe
sok doewéja oemah betjik
ingkang prajoga kadoeloer
hing sasamaning ngaoerip
hing pada-pada ning Katong

Karemnené mali jén lampah paboeroe
kidang mandjangangan ana hing
alas sakoekoeban nipoen
dadi kasengseming ati
jén sampoen angoelah boeroean

Ya kadoegaalas Soemedang dén rangkoes
dén boeroe kang isi roengsi
Pangéran Soemedang moemboel
doemateng Morgel Batawi
ora tarimah wong Tjarbon

Génnja boeroe doedoe sakckoeban nipoen
Sultan Tjarbon dipoen panggil
hing pradataning Goepenoerm pimrasila amangsoeli
jén ika kabara Tjarbon

Tetengeré beling kang ngetap ping kajoeja Soemedang
ngokoehi
endita tetangeripoen
wong Soemedang ora bangkit
gawé katrangangan ning kono

Ing pramila Morgel moetoes ja ika éstoe
Tjarbon ingkang kadoewéni
marmané sawaktoe ikoe
seomadang koéreh déning Katjarbonan doek samono

Tan na lawas Sultan Anom wapat sampoen
seomoeloer datang kang siwi
kang nembé oemoer sapoeloe
Ingrid madeg Narpati
woes djoemeneng Sultan Anom

Sultan Anom Aboekéridden papat abbipoen
réh hing masih timoer dadi
dén wakili hing Toemenggoeng
Kjai Baodengda wakil
Kang gbiang koela bala wong

Ya moelané dén sakili Ki Toemenggoeng
krana drapon ngampil

jén mengko sedeng pinoendoet
adja angél-angél maning
adja degeng adja alot

Krana maoe doek kang rama wakil Ratoe
maring Pangéran doemadi
pareng sadengé pinoendoet
alot datan kena gampil
lah ikoe kang winingatos
Ya hardjaning Kanomman sangsaja woewoeh
pakarta saja gampil
adilloellah kang dén loeroe
prakara ning agama nabi
kang winoeri-woeri hing wong

Raméné kang asalat sarta asoem
ikoe hing Kanomman jakti
ngatjéku ibadah ipoen
gelar-gelar lakoe santri
nyadji sembahjangtan tjoto

Ladrang

Ora lawas noeli Panembahan lalis mapen ika soemoeloer
dateng kang
siwi
woes hing ngistrénnan
djoemeneng Panembahan Radja

Anglaloerékaken maring kang joegi
pan mangkana
kapanditan kang dén gomni
sabar tawekal soeka lila ing manah

Tan na lawas Sultan Sepoeh alalis
mapan ika

seomoeloer datang kang siwi
hing ngestrénnan inggi poenika Sultan Séna

Kang paparab Kandjeng Sultan Djénidin
kang anggelar ameng-amengan nripangi
emen mangoem dikir ingkang sarta kadam

Pirang-pirang kadam manoesa penilih
dadaboesan kaioerijané wong soepi
pan amoeri lampahé Séck Abdoeldjélan

Ingkang soepi amageng badan rabanni
nora lijan
ija ngélmoe rasa maning
wis loenggoewé anéng pradja Kasepoewan

Kang dén goegoni poenika ngélmoe kang soepi
kadjatijan
hing rasa wisésc batin
moela datan soemangganning bardjamoaat

Soepi ikoe kararepané mingsepi
mengko medal paraméjanéng ripangi
andadar raken ing lampah hing ka Wali jan

ra lawas Sultan Tjarbon ingkang nami
Adiwidjaja séba kasiehoeré déning
moeng kang mantoe boja gada poetra lanang

Inggih poenika Sultan Tjarbon Ingkang nami Aboekajat
kang brangasanning kapti
datan kena wong salah ja pinedjahan

Salah satitik ja noeli pinaténé
akékoela
bala kang kadengda pati
nanging ora sa oekoem lawan pradata

Lah ikoe dadi né kang tjiri waneji
ning Naléndra marmané dadi dén basmi
kinéndangaken lan ora ja sinoeloeran
ikoe poenggel Katjerbonan tan anoeli ora lawas

Panembahan mapan lalis
pan mangkana poenggal ora sinoeloeran
ra lawan Sultan Séna angemasi
sinoeloran
déning poetra ingkang nami Sultan Sepoeh Matangadji kang
anglar

Ingkang dépok anéng doesoen Mangadji
senggi sedja
babak lakoe maha jakti
ora kaja ora oli déning djaman

Dadi mingel hing ngakal lir pindah kagingsir
pang mangkana
akéh abdi dén paténi
tanpa dosa bawaning gingsir kang akal

Ing marmané hing Kratoné dé adegi
nami Sultan
Ianggih rajiné
dipoen soeboen naminipoen Sultan Moeda

a Doepli waoe Matangadjo dipoen serik
disampoerna
kaken lawan mati Sahid
ingga ranipoen lajan pradata dinoela

ra lawas hing Kanomman mapan inggih
winoersita
Sultan Kéridin ngemasi
soemoeloer ingkang poetra woes ingngistrénna

Kang paparab Aboetajib Umam moedin
waktoe ika
obahing doroedjamani
akéh ewong raton ganti mrawasa

Ing Kasepoewan Sultan Maeda doek lalis
kaseloeran
dénings kan poetra hing ngasrih
Sultan Djoharoedin anengge ingkang paparab

Ingkang nembé oemoeri poen sadasa warsi
rekening ika
masi imoer dén wukili
dénings Kjai Djajadirdja wakil Nata

Lawas-lawas iboeré nagara déning
wong kang padraraton asili oeki
Kaki Koeloer agawé géger-gégeran

Siré Koeloer kapoepoetan lawas moeli
Tingarengan
ana kang barandal tjilik
sirep ika kapoepoe tan naalawas

Sultan Imamoedin Kanomman angemasi
tilar doenja
soemoeloer datang kang siwi
hing ngistrénan alinggih aneng Kanomman
Kang sineboet namané Sultan Kammaroedin
doek saman
masi iboering nagari
dénings akéh wong raraton babarandal

Barandalrangin panjeleké anggoentoeri
doega hara
ngobar pradja Pakoeng wato
senggé pada amoeri Radja Kanomman

Djemenenga Sultan anéng Pakoengwati
mangka goena
hing Walanda andoeloeri marmanipoen Pangéran Radja
Kanomman

Ija saking pakengdangan katoeran moeli
hing Pakoengdjá
dén istréni madeg Adji
pan dén peneji sapandjeneng kewala

Namanipoen Sultan Tjarbon amét nami
nipoen nama
Djeng Sultan Aboekéridin
waktoe ikoe ana maning Katjarbonan

Pan asallé sing Kanomman kang anggoentosi
doepi bala dén bagi teloe doek lagi
idjrah séwoe ronggatoes padlikoer warsa

Poetjoeng

Ora lawas wong agoeng Prasman arawoe
dénnja amét goena
nagara Tjarbon
pradja teloeja kinén ikoe sebaha

Asébaha hing déwék ké kang angratoe
emban-embanira
inggat-inggatan sing Tjarbon
ingkang nama Kijai Nata nagara

Ingkang nama Radén Dipati kang mengkoe
Toemenggoeng titiga
Kasepoewan Kanommanné
Katjarbonan séba hing kijambekira
Ora lawas wong agoeng Inggris arawoe

mapan emban-embang kékéndangan saking Tjarbon
ingkang nama Kijai Mangkoenagara

Doeking djaman babd séwoe pitoeng atoes
patang poeloe wasa
poendjoel sidji benerané
idjarah séwoe rong atoes woloe likoer ja

Lah ikoe wong Inggris ingkang asanggoep
anggolang nagara
Sultan mroeka hing bagoesi
amoektija karija goeling lan dahar

Sultan teteloe anarimah hing pancijoen
tan ngasta nagara
anampéni pasijané
kang anggolong kang tongtoe maring Sang Nata

Ora lawas Sultan énggal sampoen
séda tilar doennja
poenggel tan nrisoeloeré
kari loro djenengéng kang nama Sultan
Ganta teloeng tahoen ja mangkana Sultan Sepoeh
Djoharoedin séda
soemoeloer maring rajiné
ing ngistrénan samana anama Sultan

Apapareb Sultan Samsoedin poenikoe
hing waktoe samana
Sang Ratoe kari namané
paréntahé Walanda ingkang anggolang

Nrimah soekoer genting-genting ora poetoes
barkahé Soesoenan
kanpinoendi hing ngaoebé
hing ngahoeban kang neng karamattoellah

Kang winoeri-woeri déning anak poetoe
kang manah soekoeran
rahajoe hng saloeggoehé
ja salamet wong badanni hing ngagesang

Yén tjantoela hing badami lan lakoe
tantoe pada kebat
kéndang saking nagarané
sarta ora winoeri-woeri soeloeran

Ya moelané Sultan Banten waktoe ikoe
lebak galintoengan
bon dan oran anna ratoené
ija saking tjantoela sabda mring Walanda

Tanalawas noeli ana roesoe-roesoe
wong raraton
nama Bagoes Serit hing djenengé
ngangkat perang ngalojong lakoe berandal

Senggé neda prasoedan gawening Ratoe nanging amoedoesta
amiet singgih araraton
ora pira lawasé toemoeli kena

Kapoepoe hing hardja sirna wis koekoem
mala lami karta hing Tjarbon salir toemoewoehé
moendak oentoeng panggoepa djiwaning tanda

Golang pradja lan sarwaning kang tinandoer
ora lawas ika
jasa Wali binoeraké
masjid Agoeng dén dangdani dadi anjar

Dadi toedoeh jén dadi anjaring toewoeh
anjar hing nagara
doek samono hing babadé
djaman Kali séwoe pitong atoes swidak

Nenem tahoen Djim awal woerining ikoe
lawas-lawas Sultan
Sepoeh Samsoedin soemérén
babad séwoe pitoeng atoes pitoeng dasa

Poendjoel loro ora toemoenten sinoeloer
banta kali warsa
soemoeloer datang poetrané
hing ngistrénan djoemenengé nama Sulta

Ganta woloeng tahoen Sultan Anom laroet
soemoeloering poetra
hing nuhoen ikoe hing ngistrén
nami Sultan ana hing pradja Kanomman

Doek babading djaman Kali nedeng séwoe
pitoeng atoes lawan
woloeng poeloe hing djedjeggé
kawroehan jén genting tan nana pegat

Barkah hing soekoering abadami lakoe
betjik lawan ala
ana roengoe
di roengoené
bawaning kang basa kaselang hing poerba
Poerba nagara wong Walanda kang ngoekoep
hing sanoesa Djawa

ISBN : 979-3499-10-9